ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№66 (22.724) • 2014 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 8, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Урысейм и цIыхухэм - тыншыпIэ псори зиIэ псэупIэ езэгърабгъуэхэр», «Агропромышленнэ комплексым зегъэужьыныр», «Узыншагъэ», «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проект пэрытхэмкIэ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупхэу 2014 гъэм щIышылэм и 22-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къыдигъэкIа Указ №922-УГ-мкIэ къыщтам зэхъуэкIынигъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. «Урысейм и цIыхухэм - тыншыпIэ псори зиIэ псэупIэ езэгърабгъуэхэр», «Агропромышленнэ комплексым зегъэужьыныр», «Узыншагъэ», «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проект пэрытхэмкIэ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупхэу «Лъэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщIэныр» демографие политикэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Советым и деж лъэпкъ проект пэрытхэмкIэ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупу къыщызэрагъэпэщхэм ятеухуауэ» 2014 гъэм щIышылэм и 22-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къыдигъэкIа Указ №922-УГ-мкIэ къыщтам мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIынигъэхэр хэлъхьэн:

а) «Урысейм и цIыхухэм - тыншыпIэ псори зиIэ псэупIэ езэгърабгъуэхэр» лъэпкъ проект пэрытымкIэ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым:

гупым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Къуэдзокъуэ М. М. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацым и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(эгъэрыIуауэ)*;

Несутулов В. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Мылькумрэ хьэрычэт IэхъумкIэ и комитетым и унафэщIыр *(эгъэрыIуауэ)*;

УянаевК. Хь-М. и къулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я унафэщIш)*»;

Тутыкъу А. М. и кулыкъым зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрыр»;

гупым къыхэгъэкIыжын Кладко И. Е., Мэремыкъуэ С. Хь. сымэ;

б) «Агропромышленнэ комплексым зегъэужьыныр» лъэпкъ проект пэрытымкIэ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым:

гупым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Альтуд Ю. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я унафэщIш)*

Джатэ Р. Хь. - Дзэпыкъуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацым и Iэтащхьэр *(эгъэрыIуауэ)*

Щыхьмырзэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрыр

Шумахуэ А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экологиемрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпыныжьмкIэ и комитетым и унафэщIыр *(эгъэрыIуауэ)*;

гупым къыхэгъэкIыжын Къуэдзокъуэ М. М., Несутулов В. Г., Шэт М. Н., Ещтрэч С. Хь. сымэ;

в) «Узыншагъэ» лъэпкъ проект пэрытымкIэ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым:

гупым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Карныш С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэ хуэмэныкIэ и комитетым и унафэщIыр *(эгъэрыIуауэ)*

Кэущей А. Д. - Аруан муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацым и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(эгъэрыIуауэ)*

Литовченкэ Т. В. - ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ фондым и унафэщIыр *(эгъэрыIуауэ)*;

Марьяш И. Е. и кулыкъым зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я унафэщIщ)*»;

АфIэунэ А. М. и кулыкъым зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкIэ и министрыр)»;

Шэт И. М. и кулыкъым зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хуэмэныкIэ министрыр)»;

Гупым къыхэгъэкIыжын Жанатаев С. А., Къанокъуэ А. А., Щоджэн Н. З. сымэ;

г) «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проект пэрытымкIэ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым:

гупым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Фырэ Р. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я унафэщIщ)*

Жанатаев С. А.- Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацым и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(эгъэрыIуауэ)*;

АфIэунэ А. М. и кулыкъым зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкIэ и министрыр»;

Емуз Н. Гъу. и кулыкъым зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я ІуэхуэмкIэ и министрыр»;

гупым къыхэгъэкIыжын Дол А. З., Марьяш И. Е., Щыхьмырзэ М. М. сымэ.

2. Мы Указым кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ
КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм гъатхэпэм и 24-м
№71-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и стипендиехэмкIэ эксперт советым хэтхэр хъущтэным и ІуэхукIэ» 2013 гъэм мазаем и 6-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къыдигъэкIа Указ №918-УГ-м кьару имыIэжу къэлъытэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и стипендиехэмкIэ эксперт советым хэтхэр хъущтэным и ІуэхукIэ» 2013 гъэм мазаем и 6-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къыдигъэкIа Указ №918-УГ-м кьару имыIэжу къэлъытэн.

2. Мы Указым кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ
КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм гъатхэпэм и 24-м
№73-УГ

КъулыкъущIэхэри къабзагъэм толажьэ

Нэхъыжьхэм ядэIэпыкъуным теухуауэ щэбэт кIуам Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIа республикэпсо щIыхьэхум хэтащ къэрал Іуэхущ1апIэхэм, уней организацхэм я лэжьакIуэу, жылагъуэ, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкIуэу, еджакIуэу мин бжыгъэхэр.

РЕСПУБЛИКЭМ и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ зэIузэщ щIыным я кьаруР ирахьлIащ КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацхэмкIэ и къэрал комитетым и лэжьакIуэхэми. Пщэдджьыжьым жьыуэ зэхуэсри, абыхэм Налшык псыхъуэр зэлъыIуахащ икIи зэхуахьэса кIэрыхубжьэрыхуэхэр къалэ щIыбым щыIэ идзыпIэм яшащ.

«Мыпхуэдэ лэжьыгъэм цIыхухэр зэкъуегъэувэ, ахэр къабзэлъабзагъэм, щIыуэпсыр хуэсакьыу зехьэным хуеГъасэ. НэгъуэщIхэм хьфIадза кIэрыхубжьэрыхуэхэр зэщIэзыкьуар адэкIэ щIыуэпсым зэранигъэ зэрырымытынум хущIэкъуэнущ», - жиIащ комитетым и унафэщI Дроздов Игорь.

Щэбэт лэжьыгъэм ацхуэдэу жыджэру хэтащ КъБР-м Парламентым и депутатхэмрэ Парламентым и Аппаратымилэжьакlуэхэмри.

Нэхъыжьхэм защIэгъэкъуэным хуэгъэзауэ щэбэт щIыхьэху егъэкIуэкIыным теухуа жэрдэмыр кьыхэзылъхьар Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ Зэщlэуэзда Кьарухэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэмрэщ. А махуэм предприятэхэмрэ Іуэхущ1апIэхэмрэ я лэжьакIуэхэм кьалэжьа ахъшэмкIэ Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкъуэ щыхъуахэм, зауэм хэкIуэдахэм я щхьэгъусэхэм ядэIэпыкъунущ.

ДЖЭДГЪЭФ Маринэ.

● Щэбэт щIыхьэху

Мардэхэр къызэрызэпаудым къыхэкIыу

«Роспотребнадзор»-м Урысей Федерацэм зэкIэ къригъэшэнукъым Украинэм гъэшхэкI къыщIэзыгъэкI и комбинатхэм ящыщу хым щагъэхьазырахэр.

Іуэхущ1апIэм иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуэмкIэ, кхъуейхэр щащIкIэ мардэхэр къызэпаудэ, ахэр нэсыркъым яIэн хуей къэуатым. Абы щэхуакIуэхэм я хуитныгъэхэр къызэпеуд, фIагъым кIэрегъэжу, абы щыгъэмэ, уасэхэр зэрыщытауэ кьонэж.

«Къэпщытэныгъэ псори урысей, дунейпсо лабораторэхэм щрагъэкIуэкIащ. Абыхэм шэч къыщIытетхьэн щхьэусыгъуэ щыIэкъым», - щIыжаIащ «Роспотребнадзор»-м.

Нобэ

♦УФ-м и Дзэ комиссариатхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦Цыджанхэм я дунейпсо махуэщ

♦1904 гъэм Франджымрэ Инджылызымрэ зэгурыIуэри, «Антанта» дзэ-политикэ зэгухьэныгъэр къыззрагъэпэщащ. 1907 гъэм абы хьхьауэ щытащ Урысейр. Ящэ дунейпсо зауэм щыгъуэ а зэгухьэныгъэм зэкъуиГъэуват къэрал 20-м щIигъу.

♦1918 гъэм Сихьу Сэфарбий и усэхэр зэрыт тхьилъ къыдэкIащ.

♦Адыгэ Республикэмрэ УФмрэ я цIыхубэ суратыщI, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къат Теучэж** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Шэшэн МуIэед** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм гуадуэ 13 - 14, жащым градуси 7 - 9 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬэКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Локоть Анатолий щытокIуэ

Тхьэмахуэ махуэ кIуам Новосибирск къалэм и Iэтащхьэр хахащ. Хэхьныгъэхэм щытекIуащ КПРФ партым къыбгъэдэкIыу абы хэта Локоть Анатолий.

Цыху пщыкIуэ зэныкъэкъуат а къулыкъур зыIэратыжьхьэну хуейуи, Iэ нэхъыбэ хуэлIэтащ. Коммунист партым и лыкIуэ Локоть Анатолийрэ (процент 43,75-рэ кьихьащ) «Урысей зэкъуэт» партым кьигъэлъэгъуа Знатков Владимиррэ (процент 39,57-рэ).

«Iэ сэуэзыIэта, зи дзыхь къызэзыгъэза псоми фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ, - жиIащ Локоть Анатолий, хэхьныгъэхэр зэфIэкIыу абы кьрикIуаэхэр наIуэ къэхъуа нэужь. - ЗэфIэдгъэкIын хуейкэр куэд дыдэ мэхъу. Кьалэнхэм я нэхъыщхьэри щIымахуэм, къэкIуэну щIымахуэм тэмэму зыхуэдгъэхьэзырынырщ».

Апхуэдэуи кьалэр гъэкъэзнэр гупытэ зэха зыхуэщIыпхъэхэм ящыщу къыльытэри, Новосибирск и унафэщIыщIэм жэрдэм кьыхилъхьащ абы теухуа щэбэт щIыхьэху ирагъэкIуэкIыну.

Сом мелардитхум нэблагъэ

Сочэ щрагъэкIуэкIа XXII щIымахуэ Олимп Джэгуэхэм фейдэуэ къапэкIуар псори зэхэту сом мелардитхум нэблагъэ.

Апхуэдэ бжыгъэ хэлъщIыщ ищIащ Джэгуэхэр егъэкIуэкIынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщI Чернышенкэ Дмитрий. «А ахъшэр ди къэралым цIыхубэ спортым зыщегъэужьыным тедгъэкIуэдэнущ», - жиIащ абы.

Мардэхэр къызэрызэпаудым къыхэкIыу

«Роспотребнадзор»-м Урысей Федерацэм зэкIэ къригъэшэнукъым Украинэм гъэшхэкI къыщIэзыгъэкI и комбинатхэм ящыщу хым щагъэхьазырахэр.

Іуэхущ1апIэм иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, кхъуейхэр щащIкIэ мардэхэр къызэпаудэ, ахэр нэсыркъым яIэн хуей къэуатым. Абы щэхуакIуэхэм я хуитныгъэхэр къызэпеуд, фIагъым кIэрегъэжу, абы щыгъэмэ, уасэхэр зэрыщытауэ кьонэж.

«Къэпщытэныгъэ псори урысей, дунейпсо лабораторэхэм щрагъэкIуэкIащ. Абыхэм шэч къыщIытетхьэн щхьэусыгъуэ щыIэкъым», - щIыжаIащ «Роспотребнадзор»-м.

Нобэ

♦УФ-м и Дзэ комиссариатхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦Цыджанхэм я дунейпсо махуэщ

♦1904 гъэм Франджымрэ Инджылызымрэ зэгурыIуэри, «Антанта» дзэ-политикэ зэгухьэныгъэр къыззрагъэпэщащ. 1907 гъэм абы хьхьауэ щытащ Урысейр. Ящэ дунейпсо зауэм щыгъуэ а зэгухьэныгъэм зэкъуиГъэуват къэрал 20-м щIигъу.

♦1918 гъэм Сихьу Сэфарбий и усэхэр зэрыт тхьилъ къыдэкIащ.

♦Адыгэ Республикэмрэ УФмрэ я цIыхубэ суратыщI, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къат Теучэж** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Шэшэн МуIэед** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм гуадуэ 13 - 14, жащым градуси 7 - 9 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬэКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

● Промышленность

Я зэфIэкIым хагъахъуэ

Пхъэщхьэкъэжьымрэ ерыскъыхэкIхэмрэ елэжьу Джылахъстэнеим ит предприятэхэм я зэфIэкIым хагъахъуэ. Дызытехьа илъэсым къриубыдэу абыхэм я мурадщ, технологиещIэхэр ягъэуву, къыщIагъэкI продукцэ лIэужьыгъуэхэм къыхагъэхъуэну.

КЪАПЩТЭМЭ, Тэрч районым нобэ итщ ерыскъыхэкIым елэжь промышленностым и Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэу 7. Абы хэм ящыщу 2-р иужьрей илъэситIым къызэIуахащ икIи цIыху мини 2-м нэблагъэ щолажьэ. Нэхъыбэу ягъэхьэзырыр хадэхэкI фIэIуГъэхэрщ. Илъэс кIуам къриубыдэу а заводхэм консерву туб мин 34368-рэ къыщIагъэкIащ. Абы сом мелуан 230-рэ хуоз.

Мы щIыпIэм и ерыскъыхэкI промышленностым и Іуэхущ1апIэхэм 2013 гъэм и кIэзнIкIэ горох щхъуантIэу туб 13995-рэ, нащэу туб 17361-рэ, помидору туб 3012-рэ къыщIагъэкIащ. Псори зэхэту ахэр елэжьащ хадэхэкIыу тонн 7040-м.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ЩIэблэм ящIэн папщIэ

● ЗэпыщIэныгъэхэр



Къэбэрдей-Балъкъэрым и сатутехнологие колледжым щекIуэкIащ Урысеймрэ Белоруссиемрэ я зэкъуэувэныгъэм и махуэм теухуа зэIущIэ. Еджакlуэхэм гъэщIэгъуэн ящыхъуащ а лъэпкъым и цIыху щэджащэхэр щалъэгъуа, къэралым и экономикэм, щIэныгъэм, щэнхабзэм теухуа хъыбархэр кьыщащIа «Фыкъеблагъэ Белоруссием» фильмыр.

КОЛПЕДЖЫМ еблэгъащ белоруссхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щаIэ «Сябры» зэгухьэныгъэм и унафэщI Сидорук Павел. Абы щIалэгъуалэр хигъэгъуэзащ Белоруссием и тхыдэм, нобэ и щыIэкIэ-псэукIэм, къэралитIым я зэпыщIэныгъэм тепсэлъыхьащ.

- 1996 гъэ лъандзрэ сыткIи нэхъ кууэ зэпыщIа хуащ Белоруссиемрэ Урысей Федерацэмрэ. ИужькIэ яубзыхуащ а зэпыщIэныгъэр щагъэлъапIэ махуэри - мэлыжьыхьым и 2-р. 1999 гъэм абыхэм зэгурыIуэныгъэ зэращIыпIащ Союз къэралыгъуэ зэрахухуэмкIэ. Виззншэу, Урысей паспортымкIэ Белоруссием уокIуэф, ущылэжьэныр ущыпсэуныр ухуитщ. Апхуэдэу Белоруссием и цIыхухэр хуитщ Урысейм щыпсэуну, я Іуэху щащIэну.

Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям щыгъуэ Белоруссиерщ ящэ дыдэу нэмыцэдзэр зытеуар. Брест къалэр зыхъумахэм яхэтащ КъБР-м щыщхэри. Ноби псэущ щэблэм щапхъэ яхуэхъуа лIыхъужьхэм ящыщхэр.

Иджырей Белоруссиер дыззрегушхуэ, сыт и лъэныкъуэкIи зызыужьа, гъащIэм декIу къэрал ящущ. Лукашенкэ Александр Белоруссием и Президенту зэрырлажьэр мы гъэм илъэс 20 ирокъу. Ди къэралым цIыху мелуани 10-м нэс щопсэури, абы лэжьапIэншэ, ерыскъыншэ искъым, цIыхухэри я мыпхуэдэ зэхуэдэщ, егъэлеяуэ кьулей е кьулейсыз яхэмыту. Щылпъагъунукъым щылпIэ бгынэжаи, щы кIапэ зэщIэкIжаи. Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыпсту щопсэу белорус миньмы нэблагъэ. Дэтхэнэри лэжьыгъэ Іэнатlэ пэрытщ, - жиIащ Сидорук Павел.

Абы къыхиГъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр фIыуэ зэрилъагъур, и щIыуэпсыр зэрыфIэтельыджэр, и цIыхухэр зэрыфIэгуапэр.

Колледжым и унафэщым и къуэдзэ Безрокъуэ Маритэ къыхигъэщащ ныбжьыгъуэгъэм нэхъ лъапIэ щымыIэу къызэрилъытэр икIи яхэралитIым зэхуаIэ зэпыщIэныгъэхэм фIы куэд къызэрыдэкIуэр. ЕгъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ кьабгъэдэкIыу абы хьэщIэм щIыщIащ икIи хьэкъущыкъу дахэ тыгъэ хуищIащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Ди къуэш республикэхэм

ЗэрыкIэлъыплъ камерэхэр ягъэув

АДЫГЕЙ. **Адыгейм и премьер-министр КIумпIыл Мурат муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм къалэн ящищащ къат куэду зэтету яухуэ унэщIэхэм видеокамерэхэр щагъэувыну икIи ахэр псори кьыхэщIэзыубыдэ видеокIэлъыплъныгъэ системэм хагъахьэныр къыгъэгъэщIныр.**

МЕЙКЪУАПЭ щокIуэкI видеокIэлъыплъныгъэм зегъэужьыным, Къалэ щынагъуэншэ- унэтIыныгъэм зегъэбгъуным хуэунэтIа гъэжьыгъэр. Адыгейм къэрал кIуэцI Іуэхухэмкlэ и министр Речицкий Александр зэIущIэм къызэрыщигъэтъэгъамкIэ, республикэм и гъэзугъэм тратъэува видеокамерэхэр хуэди 3-кIэ нэхъыбэ хъуащ, абыхэм кьрикIуэу гъэзугъ зэрыщIэкIуэ хабзэр кьызэпызыудахэм траъхьа кьуэдыр сом мелуани 5-м щIигъащ.

Куэдым ущегъэгъуазэ

АБХЪАЗ. **Тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат Авидзбэ Аслъэн игъэхъэзыра «Абхъазым щекIуэкIа Хэку зауэм (1992 - 1993 гъэхэм) и тхыдэм и дзэ-политикэ гугъуехьхэр» томитI хъу тхылъыр кьыдэкIащ.**

АВИДЗБЭ Аслъэн и лэжьыгъэм убгъуауэ кьыщыгъэсэбэпащ официальнэ дэфтэрхэр. Абыхэм ящыщщ Абхъазым и Совет Нэхъыщхьэмрэ абы и тхьэмадзу щыта Ардзинбэ Владиславрэ цIыхухэм зэрызыхуагъэзахэр, зэпсэлъныгъэхэм я отчетхэмрэ стенограммэхэмрэ, республикэм щрагъэкIуэкIа жылагъуэ-политикэ щытыкIэр къызыгъэлъагъуэ материалхэр, нэгъуэщIхэри.

Аслъэн иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэ гъэщIэгъуэн убгъуам блэкIам урегъэпльыж, абы куэдым урегъэгупсыс.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым еплIанэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьам хэту хаха Жанатаев Сэлим Алий и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатым и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщыхьащахам кьыхэкIыу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Iэхэкlэ» 2008 гъэм шыщхьэIуи и 5-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 6-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ щIи:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Мэшыкьуэ Барэсбий Мурид и къуэм (№980) етын.

2. Мы унафэр цIыхубз хьыбарегъащIэ Iэхуэщ1ап1эхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIиэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщым и къуэдзэ ЕВТУШЕНКЭ Сергей

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириней

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутат Мэшыкьуэ Барэсбий Мурид и къуэр тхын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2014 гъэм гъатхэпэм и 14-м Налшык къалэ №72/2-5

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Мэшыкьуэ Барэсбий Мурид и къуэм етынымэ я Iэхэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2014 гъэм гъатхэпэм и 14-м кьыдигъэкIа унафэ №72/1-5-м тету, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Iэхэкlэ» 2008 гъэм шыщхьэIуи и 5-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 3-м икIи иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ щIи**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутат Мэшыкьуэ Барэсбий Мурид и къуэр тхын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутату зэрыхахамкIэ удостоверенэр етын.

3. Мы унафэр цIыхубз хьыбарегъащIэ Iэхуэщ1ап1эхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIиэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщым и къуэдзэ ЕВТУШЕНКЭ Сергей

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириней

Лесняк Анатолий Василий и къуэм унафэ къэзыщтхэм ящыщу Прохладнэ къалэ щIыналъэ хэхакlуэ комиссэм хэтым и кьалэнхэр щхьэщыхьым и Iэхуэкlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2014 гъэм гъатхэпэм и 14-м Налшык къалэ №72/3-5

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхьныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныжмкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ кьызэгъэпэщыныжмкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iэхэкlэ» 2002 гъэм мэкъуаэгъуэм и 12-м кьащта Федеральнэ закон №967-ФЗ-м и 29-нэ статьям и пункт 6-м и «а» пункт гуэдзэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Iэхэкlэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №923-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакlуэ комиссэм я Iэхэкlэ» 2003 гъэм щыщIыщIэм и 8-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №91-РЗ-м и 4-нэ статьям и Iыхьэ 2-м и «а» пунктым ялъытыгъэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ щIи**:

1. Лесняк Анатолий Василий и къуэм унафэ къэзыщтхэм ящыщу Прохладнэ къалэ щIыналъэ хэхакlуэ комиссэм хэтым и кьалэнхэр щхьэщыхьым.

2. Прохладнэ къалэ щIыналъэ хэхакlуэ комиссэм щIэуэ хагъэхьэнум теухуауэ кьыхалъхьэхэр кьыз1эрыIахыр хэIущIыIу щIын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм хэIущIыIу ищI хьыбарегъащIэр кьэщтэн (мы унафэм щIыгъуу).

4. Мы унафэр цIыхубз хьыбарегъащIэ Iэхуэщ1ап1эхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIиэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщым и къуэдзэ ЕВТУШЕНКЭ Сергей

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириней

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2014 гъэм гъатхэпэм и 14-м кьыдигъэкIа унафэ №72/3-5-мкIэ кьиущащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм унафэ къэзыщтхэм ящыщу Прохладнэ къалэ щIыналъэ хэхакlуэ комиссэм кьыхагъэкIыжам и пIэкIэ хагъэхьэнум и кандидатурэм теухуауэ кьыхалъхьэхэр кьыз1эрыIахымкIэ кьит хьыбар

Унафэ кьэзыщтхэм ящыщу Прохладнэ къалэ щIыналъэ хэхакlуэ комиссэм хэтым и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщыхьащахам кьыхэкIыу, «Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхьныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныжмкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ кьызэгъэпэщыныжмкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iэхэкlэ» Федеральнэ законым и 26-нэ статьям и пункт 6-м икIи иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм щIэуэ хагъэхьэнум и кандидатурэм теухуауэ кьыхалъхьэхэр кьыз1эрыихымкIэ.

Документхэр мы хьыбарегъащIэр кьыщытрадзам щегъэжьауэ махуэ 15-кIэ кьыщыIахынущ мы адресымкIэ: КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, уэн №927, пэш №151-рэ. Телефонхэр: 47-64-42, 40-26-88.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатым я хэхьныгъэр щрагъэкIуэкIкIэ хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм финанс IэхуэхэмкIэ я уполномоченнэ лIыкIуэхэр хабзэр, абыхэм я полномочиехэр зэратх, хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм финанс IэхуэхэмкIэ я уполномоченнэ лIыкIуэм и удостоверенэр зыхуэдэр зэпкрыхьыс тхыгъэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2014 гъэм гъатхэпэм и 14-м Налшык къалэ №72/6-5

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхьныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныжмкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ кьызэгъэпэщыныжмкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iэхэкlэ» 2008 гъэм шыщхьэIуи и 5-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 26-нэ статьям, 29-нэ статьям и Iыхьэ 2-м и пунктхэу 4-мра 5-мрэ япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ щIи**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатхэм я хэхьныгъэр щрагъэкIуэкIкIэ хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм финанс IэхуэхэмкIэ я уполномоченнэ лIыкIуэхэр хабзэр, абыхэм я полномочиехэр зэратх, хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм финанс IэхуэхэмкIэ я уполномоченнэ лIыкIуэм и удостоверенэр зыхуэдэр зэпкрыхьыс тхыгъэр (гуэдзэн №1), Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхьныгъэр щрагъэкIуэкIкIэ хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм финанс IэхуэхэмкIэ я уполномоченнэ лIыкIуэм яIэуэрыбым и удостоверенэм и теплъэр (гуэдзэн №2) къэщтэн.

2. Мы унафэр цIыхубз хьыбарегъащIэ Iэхуэщ1ап1эхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щIиэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщым и къуэдзэ ЕВТУШЕНКЭ Сергей

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириней

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2014 гъэм гъатхэпэм и 14-м кьыдигъэкIа унафэ №72/6-5-мкIэ кьиущащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм я хэхьныгъэхэр щрагъэкIуэкIкIэ хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм финанс IэхуэхэмкIэ я уполномоченнэ лIыкIуэхэр, абыхэм я полномочиехэр зэратх хабзэр кьыбгурызыгъаIуэ тхыгъэ

1. Хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм финанс IэхуэхэмкIэ я уполномоченнэ лIыкIуэхэр езы хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм ягъэув икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм я хэхьныгъэхэм хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэр хэтыныжмкIэ щIыналъэ хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэр щIыным ехьэлIа финанс Iэхуэхэр а зэгухьэныгъэхэм я щIкIэ зэрагъакIуэ.

2. Кандидатхэм я спискэ кьыхэзыIэхьа хэхакlуэ зэгухьэныгъэм хуитыныгъэ иIэщ уполномоченнэ лIыкIуэхэм я бжыгъэр езым иубзыхуну икIи апхуэдэ лIыкIуэр 10-м щIимыгъу, абыхэм хэхакlуэ зэгухьэныгъэм финанс IэхуэхэмкIэ и уполномоченнэу зы ялхэту, игъэувыну.

3. Хэхакlуэ зэгухьэныгъэм финанс IэхуэхэмкIэ и уполномоченнэ лIыкIуэр съездым, конференцым е хэхакlуэ зэгухьэныгъэм хэт псори кьызэрихьэлIэ зэIущIэм я унафэкIэ, апхуэдэу хэхакlуэ зэгухьэныгъэм и съездым зыхуэфащэ полномочиехэр зрита органым и унафэкIэ игъэув.

4. Хэхакlуэ зэгухьэныгъэм финанс IэхуэхэмкIэ и уполномоченнэм езым и лжьыгъэр кьрата полномочиехэм кьриубыдэу ирегъэкIуэкI, пункт 2-м кьыщыгъэлъэгуэ унафэр и лъабжьэ. А унафэм иратхэ уполномоченнэ лIыкIуэм и унэцIэр, и цIэр, и адэцIэр, кьыщалъхуа зэманыр, паспортым е цIыхур зищIысыр кьэзыгъэлъагъуэ адрей документым и сериер, номерыр, щата махуэр, уполномоченнэр щыпсэу адресыр, абы и лжьэпIэ нэхъыщхьэр, иIыгъ кьулыкъур (лжьэпIэ нэхъыщхьэ щимыIэм деж - зэлзэкъ Iэхур), платеж (расчет) Iэ щIидзыну хуитыныгъэ зэриIэр.

5. Хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм финанс IэхуэхэмкIэ я уполномоченнэ лIыкIуэхэм я лжьэгъэр иракъэкI законым кьызэригъэувым хуэдэу тха икIи нотариусым щIигъэбыдэжа доверенностым ипкъ иткIэ. Доверенностыр хэхакlуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI органым кьыбгъэдэкIыу ятх икIи абы Iэ щIадзыжь политикэ партым и уставым е абы и унафэщI органэм я унафэм ипкъ иткIэ зыхуэфащэ полномочиехэр зрата щIыхьэным. Доверенностым уполномоченнэ лIыкIуэм и унэцIэр, и цIэр, и адэцIэр, кьыщалъхуа зэманымрэ щыпIэмрэ, щыпсэу щIыпIэм и адресыр, паспортыр е абы и пIэ иувэ документым и сериер, номерыр, кьыщрата зэманыр, паспортыр е абы и пIэ иувэ документыр кьезыта органым зэрэджэ е абы и кодыр иратхэ икIи хэхакlуэ зэгухьэныгъэм и финанс документхэр пхыкIын папщIэ трагъауэ мыхьурым и теплъэр кьыщагъэлъагъуэ.

Хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм финанс IэхуэхэмкIэ я уполномоченнэ лIыкIуэхэм я полномочиехэм мы кьыкIэлъыкIуэхэр хэт хъунущ:

а) хэхьныгъэм и счет щхьэхуэ кьыхэзыкIуэхэр хэт хъунущ:

б) хэхьныгъэм и счет щхьэхуэм и ахъшэ егъэувыныр (Iэрылъхьуэ тыныр) хиубыдэу, хэхьныгъэм и фондым и ахъшэр зегъэкIуэныр, хэхьныгъэм и счет щхьэхуэм и ахъшэ ар кьезыгъэхьа цIыхум е Iэхуэщ1ап1эм хуегъэхьыныр, апхуэдэу хэхьныгъэм и счет щхьэхуэм кьына ахъшэр зыхуэфащэхэм зэралъхькIэ ятегущыжыныр;

в) хэхьныгъэм и фондым ахъшэ ирилъхьэ учет щыныр икIи абы хиубыдэу - Хъуматпэ банкым и Iэхуэщ1ап1эу хэхьныгъэмкIэ счетыр кьыщызэIуахам хэхьныгъэм и счет щхьэхуэм теухуа тхыгъэхэр, пэублэ финанс документхэр кьеIыхыныр;

г) хэхьныгъэм и фондым ахъшэ кьыхэзыхьэмрэ кьагъэзэбэпымрэ кьэнпщытэныр, яГъуэва хабзэм кьыемыгъэзэгуу кьагъэхьа ахъшэм егъэгъэзэжыныр (республика (КъБР) бюджетым и хэхъуэ Iыхьэм хэлъхьэныр);

д) хэхакlуэ зэгухьэныгъэм и япэ финанс отчетымрэ кIэуэ финанс отчетымрэ тхыныр;

е) хэхьныгъэм и счет щхьэхуэм кьыIэрыхьа ахъшэмрэ а кьызэрагъэзэбэпамрэ щыкьхэт теухуа финанс отчетэр, пэублэ финанс документхэр хэхакlуэ комиссэм етыныр;

ж) хэхьныгъэм и счет щхьэхуэр зэхуэщIыкьыныр;

з) хэхьныгъэм пыщIа Iэхуэхэм ахъшэ ятегъэкIуэдэныем теухуа зэгурыIуныгъэхэр тхынымрэ кьутэкьыныкIэ хуитыныгъэр;

и) пэублэ финанс документхэм Iэ щIэдзынымкIэ, ахэр и зэманым тэмэму зэратхым кIэлъыплъынымкIэ, апхуэдэу финансхэр зэрызэблагъэкIыр законым зэрезэгъыр кьэпщытэнымкIэ хуитыныгъэр;

к) финанс (учет) документхэр щIэгъэбдэжьынымкIэ хуитыныгъэр;

л) хэхакlуэ зэгухьэныгъэм и сэбэн зыхэлъхэр зыхуэфащэ хэхакlуэ комиссэхэм, судхэм, нэгъуэщI кьэрал органхэмрэ организацэхэмрэ щыпхьгъэкIыныжмкIэ хуитыныгъэр.

Доверенностым кьыщагъэлъагъуэ хъунущ хэхьныгъэм егъэкIуэкIыным ахъшэ хуэхьныным и лъэныкьуэкIэ хэхакlуэ зэгухьэныгъэм зэфIигъэкI лэжьыгъэм ехьэлIа нэгъуэщI полномочиехэри. Доверенностым кьыщымыгъэлъагъуэ полномочиехэр финанс лIыкIуэм ирамытауэ кьалъытэ.

Доверенностым кьару зэриIэ пIалъэр хэхакlуэ зэгухьэныгъэм финанс IэхуэхэмкIэ я уполномоченнэ лIыкIуэхэр зэрагъэув пIалъэм щIигъэн хуейкъым.

6. Хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм финанс IэхуэхэмкIэ я уполномоченнэ лIыкIуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм етх.

7. Хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм финанс IэхуэхэмкIэ я уполномоченнэ лIыкIуэхэр ирагъэтхэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм мы кьыкIэлъыкIуэ документхэр ират:

а) хэхакlуэ зэгухьэныгъэм финанс IэхуэхэмкIэ и уполномоченнэ лIыкIуэр зэрагъэувым теухуауэ съездым, конференцым, хэхакlуэ зэгухьэныгъэм хэт псори кьызэрихьэлIа зэIущIэм кьыщащта унафэр е хэхакlуэ зэгухьэныгъэм финанс IэхуэхэмкIэ и уполномоченнэ лIыкIуэр гъэувыныкIэ хэхакlуэ зэгухьэныгъэм финанс IэхуэхэмкIэ и уполномоченнэ лIыкIуэр гъэувыныкIэ хэхакlуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI е абы и унафэщI органым и унафэм ипкъ иткIэ зыхуэфащэ полномочиехэр зрата щIыхьэным. Доверенностым уполномоченнэ лIыкIуэм и унэцIэр, и цIэр, и адэцIэр, кьыщалъхуа зэманымрэ щыпIэмрэ, щыпсэу щIыпIэм и адресыр, паспортыр е абы и пIэ иувэ документым и сериер, номерыр, кьыщрата зэманыр, паспортыр е абы и пIэ иувэ документыр кьезыта органым зэрэджэ е абы и кодыр иратхэ икIи хэхакlуэ зэгухьэныгъэм и финанс документхэр пхыкIын папщIэ трагъауэ мыхьурым и теплъэр кьыщагъэлъагъуэ.

Хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм финанс IэхуэхэмкIэ я уполномоченнэ лIыкIуэхэм я полномочиехэм мы кьыкIэлъыкIуэхэр хэт хъунущ:

а) хэхьныгъэм и счет щхьэхуэ кьыхэзыкIуэхэр хэт хъунущ:

б) хэхьныгъэм и счет щхьэхуэм и ахъшэ егъэувыныр (Iэрылъхьуэ тыныр) хиубыдэу, хэхьныгъэм и фондым и ахъшэр зегъэкIуэныр, хэхьныгъэм и счет щхьэхуэм и ахъшэ ар кьезыгъэхьа цIыхум е Iэхуэщ1ап1эм хуегъэхьыныр, апхуэдэу хэхьныгъэм и счет щхьэхуэм кьына ахъшэр зыхуэфащэхэм зэралъхькIэ ятегущыжыныр;

в) хэхьныгъэм и фондым ахъшэ кьыхэзыхьэмрэ кьагъэзэбэпымрэ кьэнпщытэныр, яГъуэва хабзэм кьыемыгъэзэгуу кьагъэхьа ахъшэм егъэгъэзэжыныр (республика (КъБР) бюджетым и хэхъуэ Iыхьэм хэлъхьэныр);

д) хэхакlуэ зэгухьэныгъэм и япэ финанс отчетымрэ кIэуэ финанс отчетымрэ тхыныр;

е) хэхьныгъэм и счет щхьэхуэм кьыIэрыхьа ахъшэмрэ а кьызэрагъэзэбэпамрэ щыкьхэт теухуа финанс отчетэр, пэублэ финанс документхэр хэхакlуэ комиссэм етыныр;

ж) хэхьныгъэм и счет щхьэхуэр зэхуэщIыкьыныр;

з) хэхьныгъэм пыщIа Iэхуэхэм ахъшэ ятегъэкIуэдэныем теухуа зэгурыIуныгъэхэр тхынымрэ кьутэкьыныкIэ хуитыныгъэр;

и) пэублэ финанс документхэм Iэ щIэдзынымкIэ, ахэр и зэманым тэмэму зэратхым кIэлъыплъынымкIэ, апхуэдэу финансхэр зэрызэблагъэкIыр законым зэрезэгъыр кьэпщытэнымкIэ хуитыныгъэр;

к) финанс (учет) документхэр щIэгъэбдэжьынымкIэ хуитыныгъэр;

л) хэхакlуэ зэгухьэныгъэм и сэбэн зыхэлъхэр зыхуэфащэ хэхакlуэ комиссэхэм, судхэм, нэгъуэщI кьэрал органхэмрэ организацэхэмрэ щыпхьгъэкIыныжмкIэ хуитыныгъэр.

Доверенностым кьыщагъэлъагъуэ хъунущ хэхьныгъэм егъэкIуэкIыным ахъшэ хуэхьныным и лъэныкьуэкIэ хэхакlуэ зэгухьэныгъэм зэфIигъэкI лэжьыгъэм ехьэлIа нэгъуэщI полномочиехэри. Доверенностым кьыщымыгъэлъагъуэ полномочиехэр финанс лIыкIуэм ирамытауэ кьалъытэ.

Доверенностым кьару зэриIэ пIалъэр хэхакlуэ зэгухьэныгъэм финанс IэхуэхэмкIэ я уполномоченнэ лIыкIуэхэр зэрагъэув пIалъэм щIигъэн хуейкъым.

8. Хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм финанс IэхуэхэмкIэ я уполномоченнэ лIыкIуэу кьэрал е муниципальнэ кьулыкъуэхэр зыIыгъэр хуиткIыным езыхэм я кьулыкъуэхэм ятхэ иткIэ яIэ ефIэкIыныгъэхэр кьагъэсобэныну.

9. Хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм финанс IэхуэхэмкIэ я уполномоченнэ лIыкIуэхэм я полномочием ахэр щагъэувэ махуэм щIедзэ икIи Iэ щаIэта махуэм иужькIэ махуэ 60 дэкIмэ, ауэ хэхакlуэ зэгухьэныгъэм кьиIэта Iэхум судыр кьэплъэмэ, а судым унафэ пыухыкIа кьыщищтам щегъэжьауэ ехуэ.

Хэхакlуэ зэгухьэныгъэм хуитныныгъэ иIэщ езым игъэува уполномоченнэ лIыкIуэм и полномочиехэр, абы тхыгъэкIэ хьыбар иригъащIэу икIи кьащта унафэм и копиер Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм хуитъэхьу, зыхуэфащэ уполномоченнэ органым и Iэхуэщ1ап1эм ятхыгъэ, зыхуэфащэ уполномоченнэ органым и Iэхуэщ1ап1эм сытым дежи щхьэщыхьуну. Хэхакlуэ зэгухьэныгъэм финанс IэхуэхэмкIэ и уполномоченнэ лIыкIуэм и полномочиехэр зэрыщыхьащахамкIэ унафэм и копиер апхуэдэу хуагъэхь Урысей Федерацэм и Хъуматпэ банкым и Iэхуэщ1ап1эу езым хэхьныгъэмкIэ и фондыр кьызэригъэпэщын папщIэ хэхакlуэ зэгухьэныгъэм хэхьныгъэмкIэ счет щхьэхуэ кьыщызэIуихам.

10. Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм я иджырей законодательствэр, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ хэхьныгъэмкIэ я законодательствэр кьызэрызэпиудам папщIэ хэхакlуэ зэгухьэныгъэм финанс IэхуэхэмкIэ и уполномоченнэ лIыкIуэм (финанс IэхуэхэмкIэ уполномоченнэ лIыкIуэм и статусыр щхьэщахамэ - финанс IэхуэхэмкIэ уполномоченнэ лIыкIуэу щыта цIыхум) жэуап ехь Урысей Федерацэм и законодательствэм тету.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2014 гъэм гъатхэпэм и 14-м кьыдигъэкIа унафэ №72/6-5-мкIэ кьиущащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм я хэхьныгъэр щрагъэкIуэкIкIэ хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм финанс IэхуэхэмкIэ я уполномоченнэ лIыкIуэм ират удостоверенэм и теплъэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатхэм я хэхьныгъэм
УДОСТОВЕРЕНЭ №

_____
(унэцIэр)

_____
(цIэр, адэцIэр)

_____
(кандидатхэм я спискэр кьыхэзыIэхьа хэхакlуэ зэгухьэныгъэм зэреджэр)

финанс IэхуэхэмкIэ я уполномоченнэ лIыкIуэщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь

_____
Iэ щIэзыдзам и унэцIэр, цIэр

Кьару иIэщ „ __ „ ____20___гъэм нэсыху (паспортыр е абы пэлъыта документыр щыгъуэмэ)

_____
щатха махуэр

Гу зылъытапхъэ. Хэхакlуэ зэгухьэныгъэм финанс IэхуэхэмкIэ и уполномоченнэ лIыкIуэм и удостоверенэр ар зыIыгъым и статусым щыхьэт техьуэ документщ.

Удостоверенэр ищхьэкIэ кьыщыгъэлъэгуэ теплъэр иIэу мм 80х120 хъу бланкым тратхэ. Удостоверенэм кьыщагъэлъагъуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм я хэхьныгъэр, хэхакlуэ зэгухьэныгъэм финанс IэхуэхэмкIэ и уполномоченнэ лIыкIуэм и унэцIэр, и цIэр, и адэцIэр, кандидатхэм я спискэр кьэзыгъэлъагъуэ хэхакlуэ зэгухьэныгъэм зэреджэр, хэхакlуэ зэгухьэныгъэм финанс IэхуэхэмкIэ и уполномоченнэ лIыкIуэр щатха махуэр, удостоверенэм и номерымрэ абы кьару щIэ пIалъэмрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарым Iэ щIедзэк, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм герб зытет и мыхъур хъуреймкIэ щIагъэбыдэж.

Удостоверенэр ят хэхакlуэ зэгухьэныгъэм финанс IэхуэхэмкIэ и уполномоченнэ лIыкIуэм зэритхамкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм кьыщта унафэм ипкъ иткIэ.

Удостоверенэр зрата цIыхум ар имыгъэкIуэду ихъумэну и кьалэнщ.

Хэхакlуэ зэгухьэныгъэм финанс IэхуэхэмкIэ и уполномоченнэ лIыкIуэм и полномочиехэр иухамэ, абы а удостоверенэр кьыщыIахам иритыжын хуейщ.

ИщхьэкIэ кьыщыгъэлъэгуэ документхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм ират хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм я уполномоченнэ лIыкIуэхэм. Мы тхыгъэм и 7-нэ пунктым кьыщыгъэлъэгуэ документхэр кьыщIихам щегъэжьауэ махуищ пIалъэм кьриубыдэу, ауэ хэхакlуэ зэгухьэныгъэм кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьар зэратхамкIэ унафэр кьыщащтам япэ имыхуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэр кьыщIэкIыжа документхэм хэплъэри, хэхакlуэ зэгухьэныгъэм финанс IэхуэхэмкIэ и уполномоченнэ лIыкIуэр тхыным (ар итхын зэримыдэм) теухуа унафэ кьещтэ икIи абы ипкъ иткIэ зыхуэфащэ тхыгъэ егъэхьэзыр.

Хэхакlуэ зэгухьэныгъэм финанс IэхуэхэмкIэ и уполномоченнэ лIыкIуэр ирагъэтхэн папщIэ документхэр нэхъ гуэдз кьатамэ, ар зэратхамкIэ (итхын зэрамыдамкIэ) унафэр ищхьэкIэ кьыщыгъэлъэгуэ документхэр кьыщылэрыхьам щегъэжьауэ махуищ пIалъэм кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм кьещтэ. Хэхакlуэ зэгухьэныгъэм финанс IэхуэхэмкIэ и уполномоченнэ лIыкIуэр ятыну щIамыдэнкIэ хъуну щхьэусыгъуэхэм ящыщу Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхьныгъэхэмкIэ яIэ хуитныгъэхэр зыIыгъамащIэ щхьэусыгъуэхэр - Урысей Федерацэм и гражданствэ зэримыIэр, ныбжьыр (илъэс 18 зэрыримыкъуар), Урысей Федерацэм и цIыхум и щхьэ гъэнр имыщIыжьыфыну кьыззрилъытэм теухуауэ судым кьИуда ящта кьару зэриригъэтар, судым ищIа унафэм ипкъ иткIэ яГъэтIысауэ зэрыщыщыр, зыхуэфащэ документхэр зэримыIэр.

8. Хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм финанс IэхуэхэмкIэ я уполномоченнэ лIыкIуэу кьэрал е муниципальнэ кьулыкъуэхэр зыIыгъэр хуиткIыным езыхэм я кьулыкъуэхэм ятхэ иткIэ яIэ ефIэкIыныгъэхэр кьагъэсобэныну.

9. Хэхакlуэ зэгухьэныгъэхэм финанс IэхуэхэмкIэ я уполномоченнэ лIыкIуэхэм я полномочием ахэр щагъэувэ махуэм щIедзэ икIи Iэ щаIэта махуэм иужькIэ махуэ 60 дэкIмэ, ауэ хэхакlуэ зэгухьэныгъэм кьиIэта Iэхум судыр кьэплъэмэ, а судым унафэ пыухыкIа кьыщищтам щегъэжьауэ ехуэ.

Хэхакlуэ зэгухьэныгъэм хуитныныгъэ иIэщ езым игъэува уполномоченнэ лIыкIуэм и полномочиехэр, абы тхыгъэкIэ хьыбар иригъащIэу икIи кьащта унафэм и копиер Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм хуитъэхьу, зыхуэфащэ уполномоченнэ органым и Iэхуэщ1ап1эм ятхыгъэ, зыхуэфащэ уполномоченнэ органым и Iэхуэщ1ап1эм сытым дежи щхьэщыхьуну. Хэхакlуэ зэгухьэныгъэм финанс IэхуэхэмкIэ и уполномоченнэ лIыкIуэм и полномочиехэр зэрыщыхьащахамкIэ унафэм и копиер апхуэдэу хуагъэхь Урысей Федерацэм и Хъуматпэ банкым и Iэхуэщ1ап1эу езым хэхьныгъэмкIэ и фондыр кьызэригъэпэщын папщIэ хэхакlуэ зэгухьэныгъэм хэхьныгъэмкIэ счет щхьэхуэ кьыщызэIуихам.

10. Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм я иджырей законодательствэр, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ хэхьныгъэмкIэ я законодательствэр кьызэрызэпиудам папщIэ хэхакlуэ зэгухьэныгъэм финанс IэхуэхэмкIэ и уполномоченнэ лIыкIуэм (финанс IэхуэхэмкIэ уполномоченнэ лIыкIуэм и статусыр щхьэщахамэ - финанс IэхуэхэмкIэ уполномоченнэ лIыкIуэу щыта цIыхум) жэуап ехь Урысей Федерацэм и законодательствэм тету.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Iэхэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэжьыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщым и къуэдзэ ЕВТУШЕНКЭ Сергей

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириней

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2014 гъэм гъатхэпэм и 14-м кьыдигъэкIа унафэ №72/4-5

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

Республикэм и законодательствэр егъэфIэкIуэн мурадкIэ икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 106-нэ статьям и I

Тхыдэм и дерсхэр

И роман тельыджэхэмкIэ дуней псом фIы дыдэу щаIыху Толстой Лев. Кавказым, абы и пIэпкъхэм, а щIыналъэм щекIуэкIа иIъэсищэ зауэм теуху тхыгъэ зыкъомИ и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Ауэ псом я нэхъ цIэрыIуэр пэжагъ иныр зи лъабжьэ, зауэм гуIэгъуэу къиущэр нахуэу кьыщыгъэпэгъуа «Хьэжы-Мурат» повесть мыинырщ. И щIалэгъуэу Толстой урысыдзэм кьулыкъу щыщIащ гъэхэм техуащ жьэгъущIэсхэр я лЫгъэкIэ, хьыжьагъкIэ кьыщицIыху пэхъэнэр.

Зауэм хэмыхьащIэу, зи щхьэ Iуэху зезыхуэу кавказыдзэм хэта Толстой Лев фIэгъэщIэгъэную кIэпIыплъащ Хунзах щыщ Хьэжы-Мурат зэхищIыхьхэм, абы и лЫгъэм пщIэ хуищIу. 1851 гъэм дыгъэгъаззэм и 25-м и кьуэш Толстой С. Н. абы мыпхуэдэу хуитхащ: «Кавказ хьыбаркIэ зыбгъэщIэгъэную ухуеймэ, уи ныбжьэгъухэм яжеIэ, Щамил и ужькIэ Кавказым фIэлIыкI нэхъ щызиIэ щууей хьыжьэ, лЫ ахъырэмэн Хьэжы-Мурат урыс правительствэм I эмыщIэ зэрызрилъхьар. Кьыхуэдэ щымыIэу Шэшэным илI щэджащэу щытрами, иджы абы бзаджэнаджагъэ илэжьащ». ЗэрызитамкIэ тхакIуэм Хьэжы-Мурат итъэкъащIэрэт.

Хьэжы-Мурат и образыр тхакIуэм къигупсысакъым, ар пэж дыдэу щыIа-псэуа цIыхущ. Авархэм я тетыр - 1816 гъэм къалъхуауэ хуагъэфащэр - илъэ 13-кIэ Щамил и Iэ ижьу зэуащ, кьыщыхагъащIэ зэи щымыIэу. Хьэжы-Мурат урысхэм ягуфхэм щIэхъуэм нобэм къэс ирызоныкIуэжьу: хэти жеIэ и пIэм нувэнкIэ щынэу, Щамил екIэ и ужь кьыIэрихьар абы и щхьэусыгъуэу. И тIасхъэщIэхыу Iнмамым ар урысхэм я деж игъэкIуауэ зыукъуэдии щыIэщ. Пэжыр щхъуу къэнащ - Щамилрэ Хьэжы-Муратрэ ар хьэдфыхэ здахьащ.

Повесткр Хьэжы-Мурат яукIыу лЫщIыгъуэ ныкъуэ дэкIыжьауэщ Толстой Лев щитхар, апхуэдизу илъэскIэ и щхьэм лЫихьужьым и образыр щыIэрилъэхъуэу къыздрихьэкIащ урыс тхакIуэшхэм. 1902 гъэм шыщхьэуIум и 8-м абы ипхъу Сухотинэ-Толстая Т. Л. хуитхащ: «Хьэжы-Мурат» елжьын сухащ, ауэ сыпсэууэ абы кьытрезмыгъэдэзну мурад сщIащ». Повесткр япэ дыдэу кьыщыдэкIар 1912 гъэрщ, абы щыгъэми цензурэм зэхифыщIауэ. Зэритха дыдэм хуэдэу, дамыгъэхуалуэр ар тхыльыеджэм и пащхьэ щынэсар 1917 гъэм иужькIэщ.

Мы повестым - Кавказ зауэм теухуам - тхакIуэщхуэм кьыщигъэпэгъуащ а зауэм гущIэгъуншагъэу хэпыар, бгырыкхэяу урысхэми абы гуауэу, хэщIыныгъэу къахуихьар зыхуэдизыр.

ТхакIуэм иБзыщIыркъым зауэр лъыкIпсыкIыу апхуэдизу зэман кIыхькIэ щекIуэкIам и щхьэусыгъуэри - Кавказ зауэм и тхыдэр кууэу, гупсэху зыджа лЫжь Iущым ар фIыуэ кьыгурыуат. КьуакlэбгыкIэхэм, псы уэрэхэр щхьэусыгъуэ зыщI дзэзешэхэм жаIэмкIэ мыарэзыуэ зи хэку зыхьумэ бгырыхсхэм лЫгъэу ихэпъыр кьигъэпъэгъуа нэужь, Толстой етх: «Урысхэр зауэ Iуэхум ироджэгу, ириджэгуурэ ар нэхъри зэщIагъэст, бгырыхсхэр яукI, сэлэтхэм я гъащIэми щысхьэркъым, цIыхуукI политикэм зэпымыууэ пащэ, сауГъэтхэмрэ жорхэмрэ ягуэшыну, зыIэрагъахьэну Iэмал яIэн папщIэ».

Тельджэщ Толстой Лев мы и Iуэху епIыкIэр пащтыхь Николай Езанэм и франджы тхыдэтх Лакруа Поль и Iуэху епIыкIэм зэрытехуэр.

Урыс тхакIуэшхуэм и повесткр дунейм кьызэрытехьэрэ иIъэсищэм щIигъуащ. Ауэ абы и мыхьэнэр, купщIэр ноби кIуэдакъым, акъыл куу хэлъщ. Тхыдэр тхыдэщ, блэкIам къэгъэзэж иIэкъым, ар кьыщIиптхыкIыжьыни щыIэкъым. Ауэ зэман жьыжьэм къэхъуа Iуэхугъуэ гуауэхэр дерс хъуи хуейщ. Хьэжы-Мурат и гъащIэрэ, и кIуэдыкIари абы хэту.

МЭЗЫХЬЭ Борис.



ТОЛСТОЙ Лев

ХЬЭЖЫ-МУРАТ

Повесть

ГУБГЪУЭ зэпыупщIурэ унэм сыкъэкIуэжырт. Гъмахуэ курыкупсэт, мэкъу еуэм яухарэ хьэпщIийр Iухьжьыным нобэпщэдей щIадзэн хуейуэ.

Зэрыт и пъэхъэнэм зэрыхуэфэщэнкIэ гъэгъа удз тельыджэхэр гъэм пIыьифабэу зэхуихьэсат: пIыьижьу, хужьу, гъуатIэу зэхэлъ Iэпиш щабэхэр, шэм хуэдэу хужьрэ зи курыкупсэр гъуэжьыч, гур кьеэзыгъакIуэ мэ гурымыхькIэ бауэ дадийщэхуэр, хужьрэ гъуатIэу зи лъдий псыгъуэхэмкIэ адрейхэм закьыхэзышиикI щэщIыдзэр, щэмэджьырыпхъуэ пъэхъийхэр, гъуатIэрэ пIыьжьыфэ зыщIэлъадэ бжэнтьэгуажьэ зэщIэкъуахэр, цы тхъэмбылыфэ щабэм щIигъэна, мэ Iэфl кьызыпих фIарийр, щхъуантIэпсу дыгъэм пэлыд, зи гъэгъа гъащIэр пщэдджьжьым къащхъуэ, пшапэм пIыьижь хъу, пщыхьэщхьэм ыынду уфыыщу пыьтъэлыжь бжэнтхъэмпэр.

Удз дахэ Iэпплакlуэшхуэ къэсщыпаУэ унэм сыкIуэжьырт, къуэбэкъум дэту пIыьижь-фIыщлафэ тельыджэу гъагъэ удзыжь, мэкъу щеуэкIэ зи хъуреягъыр сакъыу къаупщIыхь, ауэ, зыгуэркIэ яIэщIэкIамэ, кьахэмыуэн щхьэкIэ мэкъуауэхэм аргъыпэм кьыхдз, дэ хьыбанэкIэ дыздзджэ ежьжьыр кьыщыслъэгъуам. Си щхьэ кьихьащ банэм и гъэгъар кьыпсучу къэсщипа Iэпплакlуэм и кум хэзгъэувэну. Кьуэм зыдзэгъащэтэщ икIи гъэгъам и фор изыфыну тетIысхьэу Iэфly тежея щIыбжьэр тесхурн, гъэтахэр кьыпысчыным нужь сихьащ. Ауэ ар икъуэкъужкIэ Iуэху гугъуу кьыщIэкIащ: жэпкъыр, дэнэкIэ сыкьыщемыIусами, си Iэм къесшэкIа пэтъэщIым кьыпхыкIыу кьыхсхэуэм и закъуэтэкъым, атI пхужьмыIэным хуэдизу егъэлеяуэ быдэт, абы кьыхэкIыуи лъэдий джанэхэр зырызыхъэу зэпысфыщIыкIын хуей хъурт. ИкIэм гъэгъар си Iэмыщ Iэ щыхъуам жэпкъыр бацэу зэхэсчэтхъакIэт, сызэригугъам хуэдэуи дахэтэкъым. А псом нэмыщIыжу си уд гъэгъа Iэпплакlуэр абы фадэжь дэхъуи кьысфIэщIащ, Сэ сыхущIегъуэжащ кьыщыкIа щIыпIэм кьекIуу, дахэу итар кьэсфыщIу Iисрафэ зэрысщIам икIи гъэгъар хьифIэзэтIыщIхьэжащ. «Сыт хуэдизэ ерыщагъ, кьару кьыкъуэкIа - сигу кьэкIащ сэ удзыжьыр ЧэтхъэнмI гугъу сыхьэрыдехьам сегупсысурэ. - Сытым хуэдизу ерыщу и гъащIэр ихьумэжа, сытуи лъапIэу и псэр ита».

Си гъуэгур дыгъэрысу кьызэрагъдзэкIа губгъуэм пхырыкIырт. Сэри вагъэм кьыпэскIухьуэр си гъуэгу хэзгъэщIырт. Хьэсэр лIакъуэIашым яIт, ни дыдэт, гъуэгубгъуитIым, дэнэкIэ зумыгъэзами, вагъэбдзэмэ дахуэ кьыхэзагъдзэкIа, жьлтэ зыхамыльхъами вагъэдэнэ зимыIэ губгъуэм, нэр игъэгуфIэрт. Вагъэ тельыджэт, зы щIыпIэ дежьэ кьыхэзагъуэр е удз тхъэмпэ щымыльагъуу. Ихъуреягъыр фIыцIагъэ зэфэзэщт. «Ей, сыту гущIэгъуншэ, сыту инат мы щыхур, сыт хуэдизэ псэ игъэна, сытым хуэдизэ кьэкIыгъэм Iисрафыр кьыхуигъэкIуа, зыхуей игъуэту езыр псэун щхьэкIэ», - сльэмыкIыу сегупсысащ сэ, гъащIэ зимыIэж губгъуэм псэ зыIут гуэр кьыщыслъыхьэуурэ. Си апэкIэ, гъуэгум и ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ, гъурц цыкIу ит хуэдэу кьыщыслъагъуам, абыкIэ сунэтIащ. Гъынэгъуу сыбгъэдохьэри - зи гъэгъар къэсфыщIу хьифIэздзэжа хьибанэр кьызоцIыхуж.

Хьывбанэм и лъэдим кьыдэжищ иIэт. Зыр пыщIыкIати, Iэблэ пыуплам ещхьу, кущдамэ кьыпынар къелэтэхырт. Адрей жэпкъитIым гъэгъа зырыз япытт. Аэр зэгуэрым пIыьижьу щытрами, иджы фIыщIабэзт. Зым и кьыдэж щхьэкIэр пыщIыкIати, гъэгъар къелэлэхырт; ещанэр щIыгуль фIыцIэм хэкуха пэтми, гъурцым щэрхь ирикIуэ ирищIыкIагъэнти, бгъуэкI ещIат. Ауэ ар зэфIэтт. И щIыфэм щыщ Iыхьэ кьрачу и кIуэщIр кьрадзам, и Iэхэр кьыпащIыкIыу, и нэхэр иращам ещхьу. Ауэ, дауэ мыхъуами, ар щыгтт и хъуреягъым щиIа къуэшхэр зэтезыкIа цIыхум ерыщу пэщIэту.

«Мис аращ ерыщагъ, мис аращ кьару ижьыуаIэр! - сегупсысащ сэ. - Псоми ятекIуащ, удз мелуанэр игъэкIуэдащ цIыхум, ауэ мыбы зигъэшакъым, зитакъым, сыт кьрамыщIами».

Абдежьми сигу кьэкIыжащ си щхьэм кьына кавказ хъыбар гуэр - языныкъуэхэр сэ слъэгъуауэ, зыгуэрхэр зыльэгъуахэм кьысхуаIуэтэжауэ, зыкъомси си нэгу кьыщIэзгъэхьауэ. Мис а хъыбарыр.

I

МЫР кьыщыхъуар 1851 гъэм и кIэхэрщ.

Бжьыхэ пщыхьэщхьэ щIыIэу Хьэжы-Мурат дыхьат зауэ-банэ кьыхэмыкIа Маххет шэшэн хуэжьэ гуарцэ Iугъуэ Iувыр зэзышэкIам.

МуIэзиным и азэн шэщIар ихати, гуарцэ Iугъуэ гуащIэр Iуву зыхэпща хьэуам Iупщу кьыхэIукIырт жьмхэм я бу, мэлхэм я Iуей макъыр, безьнэм хуэдэу зэкIэщIэс унэхэмкIэ, псыкъелъэм и лъабжьэмкIэ щыIэхэмкIэ, уда1уэмэ зэхэпхырт щIыхухъуэр зэрызэныкъуэкъуам, бзыльхугъэхэм я псаты.

Щамил и нэIнб цIэрыIуэ, батэ гъэшынкIэ дэнэ псыхъуи кьыщащIыу Хьэжы-Мурат зишхэр и хъуреягъым кьыщызыгъаджэгу мурид зыбгъупщI имыгъусэу зэи гъуэгу техьэ и хабзэтэкъым. Ауэ иджы и фочым фIэкIа кьыщIэмыщу щIакIуэмрэ бащтыкъымкIэ зэщIэкуда1уэ ар кьежьат Iэмал зэрилжкIэ куэдым гу кьыззэрыгъамыгъэным иригаскъым, гъуэгум кьыщIыхъэзэбгырысхэм я нэгу и нэ фIыщIэ жанхэмкIэ сакъыу ипIъэу.

Кьуажэкъум щынэсым, Хьэжы-Мурат жьлэм я зэхуэсыпIэ утыкуэмкIэ игъэзакъым, атIэ сэмэгурабгъуэмкIэ игъэшири, уэрамдэмI зэвым дыхьащ. ЕтIуанэ уэрам дэкIыр зэпиупщIри, и хъуреягъыр дзыхьмыщIу щIипщIытыкIыурэ, джабэм хэщIыхьа унэм деж кьыщIывыIащ. БжэIупэм кьыпэщIат щIэщIым щIэсIатэкъым, унащхьэм кьыптепIикI зэнжакъ яягъащIэм ибгъуэ джэдыгу тепхъуауэ зыгуэр тельт. Унащхьэм тельым щIопщыкъумкIэ щабзу теIэбэри, Хьэжы-Мурат и Iур игъэджащ. Джэдыгу щIагъым кьыщIэпщащ жэщ пыIэ щопс зыщхьэрыльба, зи кьэпталър чэтхъа лЫжьь. Пэбжьыщ Iуэрэм кьыщIэпIэ лЫжьыбынэхэр пльыжьт, псыIэт. Хьэжы-Мурат хабзэм тету: «Сэлам алейкум», - жиIэу фIэхъус итащ икIи бащтыкъкIапэр Iуихри, и нэкIур кьыщIигъэщащ.

- Уалейкум сэлам! - дзэ кьызIумыщыжь Iупэ пхъащэхэмкIэ пыгуфIыкIащ лЫжьыр, Хьэжы-Мурат кьыщIыхуауэ. КьыззэфIэувэри, и лъакъуэ гъурхэмкIэ уэнжакъым кьуэт пхъэ вакъэм иуващ, мыпIащIэуэ и Iэр дыжь джэдыгу зэлымпIам и Iэщхьэм ириуащ, итIанэ щыбкIэрэ пкIэлъейм къехащ. Зыщихуапэми пкIэтъейм кьыщепщыхми и пщэ гъур кIыхь дыгъэм ижьар уваIэуэ имыIэу адэ-мыдэкIэ игъэкIэрэхъуэни, дзэ зыIумытыж IупэхэмкIэ пыгуфIыкIыни имыгъэвыIэу. ЩIым кьыТеувэри, хьэщIагъэ кьрихьиу шым и Iумпlэмрэ лъэрыгъыпс ижьымрэ иубыдащ кьыригъэпсыхьну. АрщхьэкIэ Хьэжы-Мурат и мурид нэхъ щIалэ пкIи нэхъ Iэкlуэтъакlуэм шым зыкъригъэпъэтэхри лЫжьыр иригъэкIуэтэкIащ

Хьэжы-Мурат епсыхри ещIэкъуауэрэ щIэщI лъабжьэм щIыхьащ. Асыхьэтым бжэр Iужкри, бжэщхьэпм кьебэкъуащ итхъэ пщыкIутхум итыи щIалэ щыкIу икIи саиэ хъуам ещхьу пIы и нэ фIыщIэхэмкIэ игъэщIагъэу хьэщIэм кьепIуэ кьэуващ.

- Жэ мэжджытми, уи адэм кьеджэж, - инафэ хуищIащ абы лЫжьыкIи, еэыр япэ ищи мыпIащIэуэрэ унэбжэр Iунхащ. Хьэжы-Мурат пэщIым щыщIэбакъуэ дыдэм кIуэщIыбжэмкIэ щхьэнтэхэр иIыгъуэ кьыщIыхьащ пIэ пIыьижь зытель бостей бгъуэжьрэ гъуэншэдж лъапэ кIыхь щыIэуэ зыщIыгъ щIыхуб тIорысэ къуэгъу щхьэпэтьагъ.

- Уи кьаIуэм насыпт кьыгъэхуэзнухъ, - жиIащ абы икIи тIуэ зиуплIэщIащ зыкъигъэщхъри щхьэнтэхэр блыным екIуэкIыу иригъэтIыпгъэкIащ, хьэщIэхэм тIысыпIэ яхущIу.

- Уи щIалэхэм Тхъэм гъащIэ кьарит, - абы жэуап иритыкъуэ Хьэжы-Мурат щIакIуэр зыщIихщ, фочымрэ сэшхуэмрэ зыпщIэхихри, кIыжьым иритащ.

Сэху зэта блын кьаБзабзэм, гъуапIтэ тасит1 зэхуакум хуэзэу хэукIа гъущI Iунэм, бысымым и Iэщхэм ябгъукIэ, фочымрэ сэшхуэмрэ фIидзащ.

КIэрахьэуэр и щыбагъкIэ щIэзоиитъэзэхуэщ, адыгэ цейр зыкIэщIнупщIэри, ар цIыхубзым кьыщIихьэу кьригъэтIыпгъэкIа щхьэнтэхэм ящыщ щIи тетIысхьащ. ЛЫжьыр и лъэдакъэ щIэм Мис абы егупсысын хуейщ.

Хьэжы-Мурат гупсэхуу едаIуэрт, абы жиIэр кьищтэу и щIхьэр ищIу. Садо и псалъэр нигъэса нэужь, абы жриIащ:

- Дэгъэущ. Урысхэм я деж си дэфтэр иныгъыу щыху гъэкIуэн хуейщ. Си муридыр гъуэ зэусщIынущ, ауэ гъуэгугъэпъагъэ дыдэуейщ.

- Си къуэш Батэ гъуэ зэусщIынщ, - жиIащ Садо. - Батэ къеджэ, - зыхуигъэзащ абы и къуэм. ЩIалэ щыкIур и лъэ псынщIэ щыкIуэхэмкIэ кьыщыгъэтри, и Iэхэр ину щIидзу щIэкIащ. Дакьыкъишщ хуэдиз нэхъ кьэмыгъауэ щхьэщхьэжащ, зыIэщIэтьрэ лъакъуэ кIэщI, фIыщIэрэ-фIыщIэу зи нэгур дыгъэм ижьа, зи адыгэ цейр зэтемыхьэ щэшэныгI зи лъей лъагуэхэр къещэтэхар кьиущэри. Сэлам ирихри, Хьэжы-Мурат кьыщIыхьам занщIэу еупщащ:

- Си муридыр урысхэм я деж пхуэшэн?

- Схуэшэнщ, - псынщIэу, жэуап кьитащ Батэ. - Хэти сшэнщ, ауэ сэ схуэдэу ар тэмэму зэфIэзыгъэкIи щэшэныгI кьэбгъэтынткъым. НэгъуэщIхэм Iэджэкlэ укъагъэгугъэнкIи хьунщ, ауэ мащIэщ яхуэзэфIэкIынур.

- Хьунщ, - жиIащ Хьэжы-Мурат. - ГугъуехьыпщIэу щы уэстынщ, - икIи и Iэнтхъуамбищыр хуигъэлъэгъуащ.

Батэ арэзыуэ и щхьэр ищIащ, ауэ щIигъужащ Iуэхур ахъшэм зэрыгримыщыхьыр, атI Хьэжы-Мурат Iуэхутхъэбзэ хуищIэну Iэмал зэригъуэтар абы дежкIэ пщIэшхуэу зэрилъытэр. Бгырысхэм ящIэ Хьэжы-Мурат урысыкхъуэхэр зэрызэтриуIэр.

- Дэгъуэщ, - пигъэщхъащ Хьэжы-Мурат. - КIапсэр кIыхьрэ псалъэр кIэщIмэ нэхъыфIщ.

Едари и щакъуэхэр щIэупщIауэ тIысри, и мэлыпэ дахэхэр iлIыным триубыащ. Бысымым тепсэхъыхьырт тхъэмахуэ кIуам я щIалэ ахъырэзманхэм урыс сэлэтнтI кьыззэрафьдам, зыр яукIыу адрейр Щамил деж Ведено зэрыгагъэшам. Хьэжы-Мурат абы жиIэхэм зэредаIуэ щымыIэу, бжьмыIуэ зыщIэ пIъэрт, пщIантIэм щыIэ Iуэзтъауэм едаIуэу. БжэIупэмкIэ пIъэмакъ кьыIуклащ, асыхьэзтуи бжэр кIыргъэри, бысымыр къыщIыхьэжащ.

Унагъуэр зейр, Садокlэ зэджэр, итьэс пIыщIым итынт. Ар жэуэ къэзышэжа, щыгъуэ кьыщIыхьэжу жьыхэфэгум деж щетIысэха и щIалэ щыкIум ещхьу из фIыщIэт, и къуэм еIм хуэдэу мыщIуми. ЖьакIэ кIагуэ тетт, пэшхэт. КьыщIыхьэпIэм деж и пхъэ вакъэхэр щызыIтьиГъэпкIщ, имыупсурэ зэщIэкIэжа и щхьэц фIыщIэхэр кьыщIэпIинкIыу щхьэрыгъ хуэрыфэ пыIэ укъуеяижьыр дригъэкIуэтейри, бысымыр жьмбыIуу Хьэжы-Мурат и пащхьэм кьитIысхьащ. ЛЫжьым ещхьуи и IэгуитIыр дэгъэзеяуэ тхъэ еIъэIуа нэужьщ псэльэн щыщIидзар. ЖиIащ псэуми лАми Хьэжы-Мурат яубыдыи хуеиуэ Щамил и унафэ зэрыщыIэр, Щамил и лIыкIуэхэр дыгъэасэ зэрыдэкIыжа кIуадейр, щыхуэхэр Щамил и жьыIэ ямыгъэззэщIынын зэрыщышынэр, абы кьыхэкIыуи сакъынэрыуейр.

- Си деж щыIэу, си псэр пыту си хьэщIэм и щы натъэ хэхункъым. Гъуэгу утехьажа нэужьщхэ Мис абы егупсысын хуейщ.

Хьэжы-Мурат гупсэхуу едаIуэрт, абы жиIэр кьищтэу и щIхьэр ищIу. Садо и псалъэр нигъэса нэужь, абы жриIащ:

- Дэгъэущ. Урысхэм я деж си дэфтэр иныгъыу щыху гъэкIуэн хуейщ. Си муридыр гъуэ зэусщIынущ, ауэ гъуэгугъэпъагъэ дыдэуейщ.

- Си къуэш Батэ гъуэ зэусщIынщ, - жиIащ Садо. - Батэ къеджэ, - зыхуигъэзащ абы и къуэм. ЩIалэ щыкIур и лъэ псынщIэ щыкIуэхэмкIэ кьыщыгъэтри, и Iэхэр ину щIидзу щIэкIащ. Дакьыкъишщ хуэдиз нэхъ кьэмыгъауэ щхьэщхьэжащ, зыIэщIэтьрэ лъакъуэ кIэщI, фIыщIэрэ-фIыщIэу зи нэгур дыгъэм ижьа, зи адыгэ цейр зэтемыхьэ щэшэныгI зи лъей лъагуэхэр къещэтэхар кьиущэри. Сэлам ирихри, Хьэжы-Мурат кьыщIыхьам занщIэу еупщащ:

- Си муридыр урысхэм я деж пхуэшэн?

- Схуэшэнщ, - псынщIэу, жэуап кьитащ Батэ. - Хэти сшэнщ, ауэ сэ схуэдэу ар тэмэму зэфIэзыгъэкIи щэшэныгI кьэбгъэтынткъым. НэгъуэщIхэм Iэджэкlэ укъагъэгугъэнкIи хьунщ, ауэ мащIэщ яхуэзэфIэкIынур.

- Хьунщ, - жиIащ Хьэжы-Мурат. - ГугъуехьыпщIэу щы уэстынщ, - икIи и Iэнтхъуамбищыр хуигъэлъэгъуащ.

Батэ арэзыуэ и щхьэр ищIащ, ауэ щIигъужащ Iуэхур ахъшэм зэрыгримыщыхьыр, атI Хьэжы-Мурат Iуэхутхъэбзэ хуищIэну Iэмал зэригъуэтар абы дежкIэ пщIэшхуэу зэрилъытэр. Бгырысхэм ящIэ Хьэжы-Мурат урысыкхъуэхэр зэрызэтриуIэр.

- Дэгъуэщ, - пигъэщхъащ Хьэжы-Мурат. - КIапсэр кIыхьрэ псалъэр кIэщIмэ нэхъыфIщ.

Едари и щакъуэхэр щIэупщIауэ тIысри, и мэлыпэ дахэхэр iлIыным триубыащ. Бысымым тепсэхъыхьырт тхъэмахуэ кIуам я щIалэ ахъырэзманхэм урыс сэлэтнтI кьыззэрафьдам, зыр яукIыу адрейр Щамил деж Ведено зэрыгагъэшам. Хьэжы-Мурат абы жиIэхэм зэредаIуэ щымыIэу, бжьмыIуэ зыщIэ пIъэрт, пщIантIэм щыIэ Iуэзтъауэм едаIуэу. БжэIупэмкIэ пIъэмакъ кьыIуклащ, асыхьэзтуи бжэр кIыргъэри, бысымыр къыщIыхьэжащ.

Унагъуэр зейр, Садокlэ зэджэр, итьэс пIыщIым итынт. Ар жэуэ къэзышэжа, щыгъуэ кьыщIыхьэжу жьыхэфэгум деж щетIысэха и щIалэ щыкIум ещхьу из фIыщIэт, и къуэм еIм хуэдэу мыщIуми. ЖьакIэ кIагуэ тетт, пэшхэт. КьыщIыхьэпIэм деж и пхъэ вакъэхэр щызыIтьиГъэпкIщ, имыупсурэ зэщIэкIэжа и щхьэц фIыщIэхэр кьыщIэпIинкIыу щхьэрыгъ хуэрыфэ пыIэ укъуеяижьыр дригъэкIуэтейри, бысымыр жьмбыIуу Хьэжы-Мурат и пащхьэм кьитIысхьащ. ЛЫжьым ещхьуи и IэгуитIыр дэгъэзеяуэ тхъэ еIъэIуа нэужьщ псэльэн щыщIидзар. ЖиIащ псэуми лАми Хьэжы-Мурат яубыдыи хуеиуэ Щамил и унафэ зэрыщыIэр, Щамил и лIыкIуэхэр дыгъэасэ зэрыдэкIыжа кIуадейр, щыхуэхэр Щамил и жьыIэ ямыгъэззэщIынын зэрыщышынэр, абы кьыхэкIыуи сакъынэрыуейр.

- Си деж щыIэу, си псэр пыту си хьэщIэм и щы натъэ хэхункъым. Гъуэгу утехьажа нэужьщхэ Мис абы егупсысын хуейщ.

Хьэжы-Мурат гупсэхуу едаIуэрт, абы жиIэр кьищтэу и щIхьэр ищIу. Садо и псалъэр нигъэса нэужь, абы жриIащ:

- Дэгъэущ. Урысхэм я деж си дэфтэр иныгъыу щыху гъэкIуэн хуейщ. Си муридыр гъуэ зэусщIынущ, ауэ гъуэгугъэпъагъэ дыдэуейщ.

- Си къуэш Батэ гъуэ зэусщIынщ, - жиIащ Садо. - Батэ къеджэ, - зыхуигъэзащ абы и къуэм. ЩIалэ щыкIур и лъэ псынщIэ щыкIуэхэмкIэ кьыщыгъэтри, и Iэхэр ину щIидзу щIэкIащ. Дакьыкъишщ хуэдиз нэхъ кьэмыгъауэ щхьэщхьэжащ, зыIэщIэтьрэ лъакъуэ кIэщI, фIыщIэрэ-фIыщIэу зи нэгур дыгъэм ижьа, зи адыгэ цейр зэтемыхьэ щэшэныгI зи лъей лъагуэхэр къещэтэхар кьиущэри. Сэлам ирихри, Хьэжы-Мурат кьыщIыхьам занщIэу еупщащ:

- Си муридыр урысхэм я деж пхуэшэн?

- Схуэшэнщ, - псынщIэу, жэуап кьитащ Батэ. - Хэти сшэнщ, ауэ сэ схуэдэу ар тэмэму зэфIэзыгъэкIи щэшэныгI кьэбгъэтынткъым. НэгъуэщIхэм Iэджэкlэ укъагъэгугъэнкIи хьунщ, ауэ мащIэщ яхуэзэфIэкIынур.

- Хьунщ, - жиIащ Хьэжы-Мурат. - ГугъуехьыпщIэу щы уэстынщ, - икIи и Iэнтхъуамбищыр хуигъэлъэгъуащ.

Батэ арэзыуэ и щхьэр ищIащ, ауэ щIигъужащ Iуэхур ахъшэм зэрыгримыщыхьыр, атI Хьэжы-Мурат Iуэхутхъэбзэ хуищIэну Iэмал зэригъуэтар абы дежкIэ пщIэшхуэу зэрилъытэр. Бгырысхэм ящIэ Хьэжы-Мурат урысыкхъуэхэр зэрызэтриуIэр.

- Дэгъуэщ, - пигъэщхъащ Хьэжы-Мурат. - КIапсэр кIыхьрэ псалъэр кIэщIмэ нэхъыфIщ.

- Си фор хъабзэщ, - жиIащ. - Мы гъэр фом и гъэщ - икIи ди куэдщ икIи фIыщ, - лЫжьым и гуапэ хъуагъэнт и фор Хьэжы-Мурат зэрызыIуригъэхуар.

- Фи ерыскъыр убагъуэ, - Хьэжы-Мурат Iэнэм кьыпэрыкIуэтыжащ.

Елдар и ныбэ из мыхъуагъэнкIи хьунт, ауэ ари муршидым ещхьу Iэнэм кьыпэрыкIуэтыжащ икIи тасыр хуигъэкIуатэри кьубгъаныр кьищтащ.

Садо ищIэрт Хьэжы-Мурат бысым зэрызыхуищIам и гъащIэр псэзэпытьхьэпIэ зэрыригъэувар, Щамилрэ Хьэжы-Муратрэ зэщыхьжа нэужь хэIущIыу хьуат Хьэжы-Мурат езыгъэблагъэ дэтгэнэмэ и Iэхур укIкIэ зэрируынур. ИщIэрт и унэм Хьэжы-Мурат зэрыщIэсыр къуажьдэсхэм псынщIэ дыдэу кьызэращIэнури, «ар кьыдэт» жаIэу кьэувыпкIэ зэрыхьунури. Садо абы ирипIейтейрэтэкъым, иригуфIэ мыхъуэ. Садо и лъым хэпщат, и гъащIэр текIуэдауэ щытми, и хьэщIэр лей кьыгъемыхьэу ихьумэн зэрыхуейр, иригуфIэрт, и щхьэр лъагэу ирилъагъэжьырт а хабзэм текI имыIэу зэригъэзащIэм.

- Си унэм ущIэсу, си псэр пыту, уэ зыгуэрым зыри кьунщIэнкъым, - кьыригъэзэжьурэ Хьэжы-Мурат жриIэрт абы.

Хьэжы-Мурат абы и нитI кьилъдыкIым гупсэхуу щIэпIъэри, и псалъэхэр зэрыпэжьи хьэкьыу и фIэщ хъуащ, икIи моуэ уардагъ хэпIу жриIащ:

- ГъащIэр гуфIэгъуэрэ утыкгъу!

Садо псалъэ гуапэм папщIэ фIыщIэ ищIу и Iэр и бгъэгум ирикъуэлIащ.

Унэ щхьэгъубжэ Iупlэхэр хуищIащ, жьэгу мафIэм пхъэгъэсын триЛъхьащ, нэжэгужэу, гукъыдэж иIэу хьэщIэщым кьыщIэкIыжри, абы и бынунэр зыщIэс псынькъуэмкIэ игъэзащ, Цыхубзхэр гъуэлъыжатэкъым, и хьэщIэщым щIэс хьэщIэ шынагъуэм и гугъу ящIу зэхэст.

ЗззыдзэкIар

МЭЗЫХЬЭ Борисщ.

(КъыкIэльыкIуэнущ).

Удыхьэхынумэ, къеблагъэ!

● Пшыхьхэр

Мэлыжьыхьым и 1-м Іуэхугъуитl къызэрыхъунум щэч кьыщІытепхьэн щыІэкъым: ятІэрауэ, укъагъэщІэнущ, етІуанэрауэ, а махуэм уи гукъыдэжьр къыІэтынущ «Улыбка друзей» Кавказ Ищхъэрэ театр фестивалым. Ирагъэ къэс ирагъэкІуэкІ а Іуэху дахэм ТІыхъужь Алий и цІэр зэрехьэ.

МЫ ГЪЭМ 22-нэу къызэрагъэпэща зэхьхьэм, Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм щызэхэтам, къырихьэлІащ гушыІэмрэ ауанымрэ утыкум екІуу щызэІэт артист хуэд. Аэр Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхьэрэм, Ингушым къикІахэт, дауи, Къэбэрдей-Балъкъэрым еІэри бысымым зэрыхъэфащэну яхэт.

ГушыІэр и лъабжьэу «Кабардинка» гупым хэтхэм ягъэхьэзыра кьафэ щІэщыгъуэмкІэ пшыхьыр ящлащ. ЦІыхухъэмрэ цІыхубзымрэ я зэхущытыкІэрщ абы Іуищ Іу къыхэщыр. Бгырыс хъыджэбз дахэм и гулыитэр кьахьэхун щхьэкІэ щІалэ хахуищыр зыр адрейм ёоныкъуэкъу. КьафэкІэ зэпеуэрэ зэпыбжьэгъуищыр апхуэдизкІэ щхьэж и зэфІэкІым дихьэхьажати, ахьыдэми гу лъатакъым щыащэр апщІондэхуІэ нэгъуэщІ щІалэм зэрыІуишам...

КъШР-м щыщ хьэщІэхэм - Акъ Мухьэрбэч и цІэр зезыхьэ Шэрджэс драмэ театрым и артистхэм - пороломкІэ къыхэщІыкІахьэпшынхэм псэ халъхьам хуэдэт, гъэщІэгъуэнт ахэр цІыхухэм хуэдэу къэфэфуи зэрагъэлъэгъуар.

Ингуш къэрал драмэ театрым, Базоркин Идрис и цІэр зезыхьэм, нэхъ узэмыхъуэпсэн нысащІэр щауэ нэхъыбІхэм ящыщым зэрыратыну щІыкІэм и Іэмал кІигъуэтащ.

ЦІыхухэм я гукъыдэжьр кьаІэтащ ди артистхэми. Щоджэнщ1ыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым игъэлъэгъуащ «ТІатІушэрэ СатІурэ» спектаклым щыщ зы Іыхьэ. Апхуэдэуи хьэлэмэту «Моя жена - лгунья» гушыІэ теплъэгъуэр Горький Максим и цІэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым утыку къриХьащ. Кулиев Къайсын и цІэр зезыхьэ Балъкъэр театрым «Ревизор»-м щыщ игъэлъэгъуащ.

КьыхэгъэщІпхъэщ лъэпкъыбзэхэмкІэ ягъэлъэгъуахэр псоми фІы дыдэу къаазэрыгурыІар. Цадасэ Гамзат и цІэр зезыхьэ Авар музыкэ-драмэ театрым я бзэкІэ игъэувам цІыхуХэр апхуэдизкІэ набдзэгубдзаплъэу, щыгуфІыкІыу еплъти, аварыбзэр ящІэм хуэдэт.

Дыхьэшхырэ зи нэпсхэр къыщІэжахэри илъагъурт Кьуныжь Алим утыкум щитам. Мынэхъ мащІэу гъэщІэгъуэнт Осетие Ищхьэрэм ауанымкІэ и щІалэгъуалэ студиетеатр «Амыран»-м игъэлъэгъуари. «Кавказский цирк» зыфІаща я теплъэгъуэм и лІыхъужь нэхъыщхьэхэр щэнтхэм (я шы пэлыитэу) тес щІалэ къуданхэрт.

ТІыхъужь Алий и цІэр зезыхьэ фестивалым хэтащ Сокъур Ольгэ, Адисэ, КъБКъУ-м уэрэдымкІэ и «Амикс» театрыр.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдин артистхэм щІыхь тхыльхэмрэ фэеплъ саугъэтхэмрэ яритащ. КъБР-м и Театр лэжьакІуэхэм я зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкІыуи ахъшэрэ фІыщІэ тхылърэ тыгъэ хуащІащ.

БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.

Сурэтхэр **Елъкъэн Артур** *трихащ.*

Къамылкъуэ къуажэм щыпсэу Къанкъулхэ Марьянэрэ Маринэрэ нобэ къыщалъхуа махуэщи, дохъуэлъу

ФІыуэ тлъагъу ди пщащэхэм фи къэкІуэнур екІуу, фи дунейр дахэрэ узыншагъэ фиІэу гъащІэм лъэ быдэкІэ фыщыувмэ, фи гур, фи псэр дэзыхьэх Іэщ1агъэрэ щІэныгъэрэ зэвгъэгъуэтмэ ди гуапэщ. Фи уафэр къащхьэрэ щІылъэр щхъуантІэу, Іуащхьэмахуэ мылытэ уардэм хуэдэу фи пщІэр лъагэрэ фи псэр къабзэу, Мэлычыпхъу и щІэблэу фыІущу, хъыджэбзхэм фи щэнымрэ акъылымрэ санахуафэр хуаІэту, фи адэ-анэр, нэхъыжьхэр, Іыхьлыхэр фи пщІэмрэ щІыхьымрэ иригушхуэу дунейм гу щыфхуэну Тхъэм жиІэ!

Зэгъэщтокъуэхэ я унагъуэр.

● Хъуэхъуэр

Къаншыуей къуажэм щыщ Гъыдэхэ Къаншауэрэ Аурикэрэ ятхгъу щІыкІу Даринэ и ныбжьыр илъэс зэрырикъумкІэ дохъуэхъу

Уэзыншэу, Іущыцэу, щэныфІэу къэхъуну, дыізэрыгушхуэн хъыджэбз кьыхэкІыну, фІым я фІыжьр къехъулІэну ди гуапэщ. Сыт хуэдэ адэ-анэми, адэшхэу-анэшхуэми я дежкІэ нэхъыщхьэр я быныр щІыху нэс хъуэу яІагъуныгъщи, дыхуейщ. Даринэ щІыкІу гъащІэ насыпым щымыщІэну.

Гъыдэхэ Сэрэбийрэ Лерэрэ, Шыкуэхэ Лиуанрэ Хужьпагуэрэ.

Зеикъуэ къуажэм щыпсэу ХьэщІыкІу Даянэ Мухьэмэд и пхъум и ныбжьыр нобэ илъэс ирокъу

Даянэ пщащэ щІыкІум уи Іэфі ыгъэущи, сабиигъуэ дахэ уиІэну, уи къэкІуэнур екІуу, уи фІэрафІагъэм щІыхур ихъэжъуу, Іэщ1агъэкІэ уцІэрыІуэу, уи Іитlыр фІыгъащІэу, фІыкІэ уи цІэр яІуатэу, псынэпсу уи псэр къабзэу, уи гур щІзу, акъылрэ мылъкукІэ убейуэ, уи пщІэр лъагэу, нэмысмрэ хабзэмрэ уи гъуазэу, укъэзылъхуэхэмрэ уи нэхъыжьхэмрэ уэркІэ гушхуэу гъащІэм лъэ быдэжьІэ ухуэвану ди гуапэщ. А насыпу щыІэм я нэхъ лъапІэмкІэ Тхъэр къыпхуэупсэну дыпохъуэхъу!

Зыхьэ Лаурэ, Бестэней Радимэ.

● Фэеплъ

Зи псэр къабзэ цІыху гуапэт

ЦІыхур дунейм екъыжами, щащымыгъупщэм деж, абы пщІэ иІэу, нэмыс хэлъу, Іуэхуфіхэр зэфІихрэ куэдым щапхъэ яхуэхъуу псэуауэ аращ. Апхуэдэхэм я фэеплъ нэхур куэдрэ яхьумэ и благъэІыхьлъхэм я мызакъуэу, зыщІыхуу, къыдэлажьэу щытахэми. Шекспир Уильям зэрыжиІауэ, куэдрэ къыпхуохуэ «фІыуэ плъагъуу щыта ныбжьэгъухэм я фэеплъхэр зыхъумэ гум фІэкІа нэгъуэщІым деж псэхугъуэ щумыгъуэт зэман».

ИлЪЭС хъуащи къытхэтыжкъым фІыуэ тлъагъуу, пщІэшхуэ хуэтщІу, ныбжьэгъуфІу, лэжьэгъуфІу диІа УанащІэ Анатолэ. Ар дунейм зэрехьжар къыззэхьэлъэкІар илъэс куэдкІэ ІэнатІэ щрихьэкІа КъБКъУ-м и ЩІэныгъэ библиотекэм и закъуэкъым, атІэ нэІуасэ къудей зыхуэхъуахэми я гум щІыхьащ. Анатолэ апхуэдизу цІыху гуапэт, псэ къабзэти, гъащІэ гъуэгум абы ущрихьэлІэныр, удэлэжьэныр пасыпу плъэтэ хъунут.

Компьютерым, иджырей техникэ Іэмэпсымэ пэрытхэм фІы дыдэу хэзыщІыкІ Іэщ1агъэлІ гъуэзэджэт УанащІэр. Къулыкъущ1экъуэхэм, щхьэхуещэхэм, пщэрылъ къыхуащІа ІэнатІэм Іэпэдэгъэлэлу хущытхэм зэи яхэтакъым Анатолэ. Ди еджапІэ нэхъыщхьэм и библиотекэр иджырей техникэ пэрытхэм шэрыуэу иридажьэ зэрыхъуам и фІыгъэшхуэ хэлъщ а Іэщ1агъэлІ емызэщым.

И Іэщ1агъэмкІэ, бгъэдэлъ Іэзагъымкі э дэтхэнэми дэгуэшэну хьэзыр ди лэжьэгъуэм, ныбжьэгъу нэхъыжьым и акъыл жаныр, щІэныгъэ куур умыгъэщІэгъуэн пльэкІыртэкъым. Ахэр гуэхъыпІэ имыІэу хэуХуэнат абы и цІыхуфІагъым, зэхэщІыкІ лъагэм, зэпІэзэрытыныгъэм, шыІэныгъэм. ІэкІуэлъакІуагъым дэщІыгъуу цІыхум хэлъыфынкІэ хъуну хьэл-щэн нэхъыфІхэмкІэ къулей УанащІэм пщІэшхуэрэ нэмысрэ хуамыщІынкІэ Іэмал иІэкъым. Ахэращ гъащІэм, цІыху зэхэтыкІэм я лъабжьэр.

Апхуэдэ цІыху телъыджэт УанащІэ Анатолэ, зи Іуэхущ1афэхэри дуней еплъыкІэри щапхъэу къытхуэзыгъэна ди лэжьэгъуфІыр. Абы и фэеплъыр куэдрэ дигу илъынущ. И ахърэтыр нэху тІуэм ищІ.

КъБКъУ-м и щІэныгъэ библиотекэм и лэжьакІуэхэр.

● КъБР-м и прокуратурэм

Уголовнэ Іуэхуу тху

Тэрч районым и прокуратурэм кьыщапщытэжащ коррупцэм зэранэщІэтым кІэлъыплъыным хуэзыгъэІуэн ныбжьэ зэфІагъэкІуэхэр.

А ЛЭЖЬЫГЪЭР щрагъэкІуэкІым законым емызэгъ ныкъусаныгъэу 274-р къыхуащ. Абыхэм ящыщу 19-р муниципалитет, 5-р къэрал къулыкъухэм хуоз, 207-р коррупцэм зэребон щІыкІэм теухуащ. Аэр ирагъэзэкІуэжьын папщІэ, тхылъ 82-р хуатхащ, абыхэм хэмтырэ, къулыкъущІэ 79-р дисциплинэ жэуапым ирашІащ. Прокуратурэм и унафокІэ цІыху 15-м административнэ жэуап ирагъэхьащ, УФ-м и УПК-м и 37-нэ статьям и 2-нэ ІыхьэмкІэ уголовнэ Іуэхуу 5 къыщІэуахащ.

Хабзэм къемызэгъ правовой акту 35-рэ къыщІагъащати, псори къыщІэтрагъуэвыІащ.

Къэрал, муниципальнэ къулыкъущІэхэм я хахьуэхэр зыхуэдэм теухуауэ къыта хъыбархэр зэхэтыкІащ, абыхэм япкъ иткІэ, тхылъ 18 ятхащ, къулыкъущІэ 15 дисциплинэ, 11 административнэ жэуапхэм ирашІащ.

КъащІэтэмэ, я хэхъуэмрэ ябгъэдэлъ мылъкумрэ теухуауэ МВД-м и Тэрч район къудамэм и лэжьакІуэхэм къыта хъыбархэр щІыуэ къыщІэкІащ. Абы къыхэкІыу, а Іуэхущ1апІэм и унафощІитІым дисциплинэ жэуап ирагъэхьащ.

Къэралыр, муниципалитетхэр зыхуейхэм ятещІыхьауэ хьэшыпхэр къыззрашэм, лэжьыгъэхэмрэ Іуэхутхьобзэхэмрэ зэрызэфІагъэкІым теухуауэ 2005 гъэм бадзэуэгъэм и 21-м къыдэкІа Федеральнэ закон №94-ФЗ-м къигъувхэр зэрагъэзащІэм пыкъусаныгъэмрэ къыщІэгъуэтащ щІы УФ-м и КоАП-м и 7.30-нэ статьям и япэ Іыхьэм и 1.4-нэ пунктымкІэ псоми ятеухуауэ административнэ Іуэху къызэІуахащ икІи, щыхэплъэн папщІэ, ФАС-м и республикэ къудамэм ратащ. Аэр зэхагъэкІри, зы къулыкъущІэ административнэ жэуапым плІэнейр ирашІащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● ХъыбарегъащІэ

Щоджэнщ1ыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым фыщеплъыфынущ:

Мэлыжьыхьым и 11-м
Кен Людвиг . «Насыпыр хьэжьщ» *(гушыІэ)*
ЩыщІндзэр сыхьэт 19-рщ.
УпщІэ зиІэхэр мы телефонхэмкІэ псалъэ хъунущ: 42-64-94, 42-33-89.

Мыджэгуами, очкоищ хуатх

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизионым 2013 - 2014 гъэхэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэр зэхъуэкІ гугъу дыдэу щытахэм зэрахьхьэнум щэч зезыхьэн щІидзэрэ мылъкуКІэ пэмылъэщу командищ хэкІыжащ.

НОВОКУЗНЕЦК и «Металлург-Кузбасс»-м мы зэхьэзэхуэм зы зэІуцІи щигъэкІуэкІащ. Белгород и «Салют»-мрэ Владикавказ и «Алания»-мрэ апхъэщІэм яхунэхьэсауэ аращ. Зэпеуэм и регламентым къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, абы и Іыхьэ ныкъуэм нэхъри нэхъыбэ иригъэкІуэкІауэ хэкІыжым, кІыхьэлъэкІуэхэм 0:3-уэ къыщыхагъэщІауэ ябжри, я хьэрхуэрэгъум очкоищ хуатх. Мы гъэм ар ехьэлІащ «Алания»-мрэ «Салют»-мрэ.

Мэлыжьыхьым и 4-м «Спартак-Налшыкыр» Белгород кьалэм щыджэгун хуеящ. АрщхьэкІэ зи гугъу тщІа щхьэусыгъуэм къыхэкІыу а зэІуцІэр зэхэтакъым. Абы щхьэкІэ къэмынэу, ди щІалэхэм, мыджэгуами, очкоищ хуатхащ.

Ардыдэм и ПІыгъэкІэ зэпеуэм щыІыгъ тепщэныгъэр нэхъ быдэж ищІащ Саранск и «Мордовия»-м. Мэрем кІуам ар Владикавказ щыджэгун хуеящ.

Зэхьэзэхуэм етІуанэ уВыпІэр щызэшІыигъ Тула и «Арсенал»-м зэрызигъэпсэхур кьиргъэсэбэпри, абы гъунэгъу зыхуищІащ «Луч-Энергия»-м. Ар Волгоград икІа «Ротор»-м 2:1-уэ ефІэкІащ.

Ещанэ уВыпІэм зыщигъэбыдэфынут Мэзкуу и «Торпедо»-м. Арщхьэкіэ Калининград ар щытекІуэфакъым икІи бжыгъэр кьызэІуамыхаУэ лъэныкъуэхэр зэбгъэдэкІожащ.

Джэгугъуэ блэкІам Налшык къакІуэу ди командэр кьыхэзыгъэщІа Оренбург и «Газовик»-м и ехьулІэныгъэхэм хамэ стадионхэм щыпищащ. Иджы Ярославль щыІэу ар щыпІэ «Шинник»-м а бжьгъэ дыдэмкІэ (1:0-у) ефІэкІащ.

Турнир таблицэм ди щІалэхэм щанакъуэкъуэгъу Дзержинск и «Химик»-мрэ Красноярск и «Енисей»-мрэ фІахьхэуащ. Абыхэм «СКА-Энергия»-мрэ «Уфа»-мрэ 1:0-у къатекІуащ.

Япэ дивизионыр зрагъэбгынэнухэм хамыгъэхьэн папщІэ къару куэд ягъэкІуэд зэхьэзэхуэм и ижь увыпІэм къыщыхутахэм. «Ангушт»-р къезыгъэлъэфын щыІэу къыщІэкІынукъым, арщхьэкІэ абы хэт щІалэхэм а Іуэхугъуэм я лъэр щІигъэхуахъым. Аращ Новосибирск къикІа «Сибирь»-м хуэфэщэну щІыпэщІэтыфар икІи джэгур зэрытемыгъэкІуауэ, 2:2-уэ, щІихар.

Санкт-Петербург икІа «Динамо»-р 1:0-у зэрыхигъэщІам щытыкІэ гугъум къикІыну «Нефтехимик»-м гугъэ гуэркхэр ирегъэщІ. АрщхьэкІэ ар тынш зэрымыхъунур, дауи, нэрылъагъуащ.

Пщэдей, мэлыжьыхьым и 9-м, «Спартак-Налшыкым» къыкІэлъыкІуэ джэгугъуэр иригъэкІуэкІынущ. Ди щІалэхэм къарагъэблэгъэнущ Ярославль и «Шинник»-р.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Мордовия»	29	19	7	3	51-22	64
2.	«Арсенал»	28	16	4	8	49-34	52
3.	«Луч-Энергия»	28	14	8	6	33-12	50
4.	«Торпедо»	28	14	7	7	31-15	49
5.	«Алания»	28	14	4	10	29-28	46
6.	«Уфа»	28	13	7	8	36-30	46
7.	«СКА-Энергия»	29	12	8	9	32-27	44
8.	«Газовик»	29	11	10	8	29-26	43
9.	«Балтика»	28	11	9	8	29-24	42
10.	«Шинник»	29	12	5	12	34-34	41
11.	«Сибирь»	29	10	8	11	27-35	38
12.	«Спартак-Налшык»	28	9	9	10	25-27	36
13.	«Енисей»	29	9	9	11	28-36	36
14.	«Химик»	29	8	6	15	20-41	30
15.	«Ротор»	28	7	8	13	31-31	29
16.	«Динамо»	29	7	7	15	25-40	28
17.	«Салют»	28	6	9	13	23-29	27
18.	«Нефтехимик»	28	4	10	14	25-33	22
19.	«Ангушт»	28	3	5	20	20-53	14

Медаль 23-рэ

● Тхэквондо

2000 - 2006 гъэхэм къалъхуа щІалэ, хъыджэбз цІыкІуэхэм тхэквондомкІэ я зэпеуэ зэІуха Псыхуабэ щекІуэкІащ. Абы хэтащ Урысейм и щІыналъи 10-м я спортсмен 450-рэ.

СПОРТСМЕН 50 къызэщІэзыубыдэ КъБР-м и командэ кьыхэхам зэпеуэм етІуанэ уВыпІэр щІыубыдащ. Ди лъэхъэжьхэм медаль зэмылЗэуЗжьыгъуэу 23-рэ зыІэрагъэхьащ.

Зыхэта гупым дыщэ медалхэр кьыщахьащ Ездэм Ринат (кг 45-рэ), Джэрыдж Аслъэнбэч (кг 61-рэ), Ахъмэт Жантемыр (кг 65-рэ), Бозиев Муслим (кг 33-рэ), Багъ Идар (кг 26-рэ), Жабоев Алим (кг 30), Лий Имран (кг 41-рэ), Воробьевэ Марие (кг 33-рэ), Шыбзыхъуэ Тимур (кг 37-рэ), Цуров Іэдэм (кг 45-рэ), Сайкинэ Ярославэ (кг 38-рэ), Ахъмэт Борис (кг 38-рэ), Мамий Алихъан (кг 24-рэ), Занчук Даниэль (кг 26-рэ), ТеІуКъ Астемыр (кг 30) сымэ.

Яхтенкэ Даниилэ (кг 28-рэ), Шапиловэ Илонэ (кг 24-рэ), Щокъуий Исльам (кг 26-рэ), Жабоев Ахъмэт (кг 30), Ахъмэт Нурмухьэмэд (кг 38-рэ) сымэ дыжьыныр зыІэрагъэхьащ. Жэз медалхэр кьалъысащ Тхъэзэпльыкъ Исльам (кг 28-рэ), Феденкэ Павел (кг 24-рэ), Скороходов Максим (кг 36-рэ).

УЭРДОКЪУЭ Ланэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

ХьэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Нэщэпыдж Замир, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэ.**



Езыгъэтхаэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІхэм я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі э - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныгъэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхутъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зыгъэхэм я жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтекІу зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныир и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуэгъуэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр зхъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту яхэтщ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ,

Мы къыдэкІыгъуэм елажьхэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкі Соня, редактору Хьэжыкъарэ Алик, корректорэу ПхытІыкІ Аэмэт** *(1 - 4-нэ нап.),* **Мырзэкъан ФатІимэ** *(2 - 3-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепІэгъ ящІащ* **Доп Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елажьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.30-щ.

Индексыр 51531● Тираж 4.687 ● Заказ №655